Щэкlуэгъуэм и 4-р Цlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№213 (21.371) ● 2008 гъэм щэкlуэгъуэм (ноябрым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Законхэр къыдэзыгъэкI орган нэхъыщхьэм и юбилейр

КъБР-м и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэу уващ

ЗАКОНХЭР къыдэзыгъэкI орган нэхъыщхьэр илъэс 70, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 15 зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуа гуфIэгъуэхэр икъуекIэ IэтауэI ирагъэкIуэкIащ. Ар псом ялъэу зи фIыщIэр юбилей гуфIэгъуэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ, ар егъэкIуэкIынымкIэ къызэрэпэщащкIэ комитетым и унафэщIым и кьалэнхэр зи пщэ дэзылъхьэжа КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенщ. Абы зэпымыуэу и нэIэ тригъэтащ гуфIэгъуэм зыхуэгъэхьэзырым и лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэр къыщыгъэлъэгъуэ планым и дэтхэнэ зы Iыхьэри зэрагъэзащIым. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я щIэнкIэ республикам и IэтащхьэмфIыщIэ ин хуэщIу юбилей гуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэрыддэлэкьуам папщIэ. Юбилей Iэухуэхэр нэсу кьызэрагъэлъэгъуам папщIэ апхуэдэу фIыщIэ яхуэщI цIыхубэ хьбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ.

Хэхаэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ КъБР-м и Президентым и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм хэтхэм, республикам и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм. ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемк и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэухтэныгъэхэмкIэ и институтым щылажьэхэм, КъБР-м и Архив къулыкъум, КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и кьэрал комитетым, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым я лэжьакIуэхэм. Абыхэм ящыгъуэ ирахьэIащ планым щыгъэхуа Iуэхуэр зэфIэгъэкIыным.

Жылагъуэ хабзэмрэ шынагъэншагъэмрэ республикэм къыщызэрэпэщыным пыщIа Iуэхуэхэми икъукIэ жэуаплъыныгъэ яхэлъу зыхуэфащэ кьулыкъущхьэр бгъэдыхьащ. Хабзэхъумэ Iэнатlэ псори зэгъэзэIуэуэ зэрызэдэлэжьам кьыхэкIыу гуфIэгъуэ махуэхэр зэпIэзэрыту, кьэхъукъащIэ мыщхьэпэхэр кьыкъуэмыкIыу екIуэкIащ. Абы кьыхэкIыу си гуапэу фIыщIэ яхуэсщI законхэр къыддэзыгъэкI органым и юбилейр щагъэлъапIэ зэманым жылагъуэ хабзэр хъумэным хэта псоми.

КIэщIу жыпIэмэ, республикэм зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори щрагъэкIуэкIащ ди юбилейр зэрыдгъэлъапIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ лъэхъэнэу увын папщIэ.

БЕЧЕЛОВ Ильяс,
КъБР-м и Парламентым и УнафэщI.

Хъуэхъу телеграммэхэр иджыри къаIэрохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иджыри хъуэхъу телеграммэ куэд кьыIэрохьэ властым законхэр къыддэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ и органхэм я унафэщIхэм, губернаторхэм, мэрхэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу.

КЪАПЩТЭМЭ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Бечелов И.Б. и цIыкIэ хъуэхъуэхэр къагъэхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Чеченов Хьу Дж., УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Кьрал Думэм и Унафэщым и куэдзэ Герасимовэ Н.В., УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Кьрал Думэм и депутат Коломейцев Н.В., «Кавказ Ищхьэрэ» Ассоциацэм и Гъэзэщlакlуэ Комитетым и УнафэщI Тепляков А.В., Осетие Инщэ Республикэм и Парламентым и УнафэщI Гассиев З.Н., Пермь крайм Законхэр къыддэзыгъэкI и Зэхуэсым и УнафэщI Девяткин Н.А., кьэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щIыIэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Жамборэ Н.Б., КъБР-м транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзу хозяйствэмкIэ и министр Сунш А., КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Уянаев К., Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэ №8631-м и унафэщI Урысбий Хь.Хь., Урысей Федерацэм и Казначействэм и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Зрум Л.Хь., «Севкавэлектроремонт» ОАО-м и генеральнэ директор ЛЫхьэгу Т.Т., Потребкооперацэм и Белгород университетым и Налшык филиалым и унафэщI Щоджэн Ф.А., «Къэбэрдей-Балъкъэр» бдзэжьеI лъэпкъыфI щагъэхьу завод» федеральнэ кьрал Iуэхущ1апIэм и генеральнэ директор Сыжажэ В., нэгъуэщI куэдми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зи мыхьэнэр ин

Республикэм Iэтауэ щагъэлъапIащ комсомолыр илъэс 90 зэрырикъуар

ВЛКСМ-м ди кьэралым и тхыдэм лъэужьыщхьэу дыдэ кьыхинащ. Абы ди гъащIэм и IэнатIэ псоми щигъэзэщIа кьалэныр кьыпхъэмыльытэн хуэдизщ. 1918 гъэм кьыздрагъэпэща щIалэгъуэлэ зэгухьэныгъэм куэд зэфIигъэкIащ кьэралыдыр хъумэным, зэфIэгъэувэным, абы зегъэужьным теухуауэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, СССР-р лъэпкъэжа нужь, ВЛКСМ-ри политикэ утыкум икIыжащ, ауэ кьыгъэна лъэужьыр зэи хэмыкIуэдржыщ.

МИС АПХУЭДЭ гупсысэхэр кьыхагъэщащ жэпуэгъуэм и 29-м Кьрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм кьыщыпсэлъахэм.

ИпэIуэкIэ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп1э кьуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат2р щыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу республикэм щыIэ, комсомолым и ветеран Зумакулов Борисрэ удз гъэгъа Iэрамэхэр бгъэдалъхьащ Афганистаным щыхэкIуэда ди хэкуэгъу щIалэхэм я фэплъымрэ Мыужьых мафIэмрэ.

(*КIэухыр 2-нэ пап.*).

Лъэпкъ псори хэту

2004 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м УФ-м и Кьэрал Думэм кьыщIащ «ЗауэлI щIыхьым и махуэхэм (Урысейм зекIуэныгъэ кьыщыкъахэм) я Iуэхущ1ап1эхэм я унафэм щIэту зэщIагъэуIуа щыхуб кьарухэм Китай-кьалэр къащIащ икIи Москва польшэ зэрыпхъуакIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ, зыщыщ лъэпкъым, яIыгъ диным, жылагъуэм щаIыгъ ывыпIэм емытыытауэ лIыгъэшхуэ кьагъэтыгъуэрр».

АБЫ кIэ иритащ Iуэхуэр щызэхэзэрыхьа зэманкIэ зэджэм.

Абы щыгъуэм польскэ-литовскэ къэралыгъуэ зэгуэтым мурад ищIат Урысейр кьанэ щымыIуэ зэрипхъуэну. Мининымрэ Пожарскэмрэ зэщIагъэуIуэри, кьэрал лIыщхьэхэр хэмыту щIыхубэм езым и кьэралыр хуит кьыщIыхащ. Власть гуэри щIэхэхэрэм: Рюриковым я тетыгъуэр иухат, Романовхэ я пIалъэщ иджыри кьэсатэкъым.

КIэщIу жыпIэмэ, щIыхубэм и фIыщIэщ Урысейр абы щыгъуэм кьыIэрыIэтенар.

Мис арауэ нобэрей гуфIэгъуэм кьежьапIэ хуэхьуар. Ауэ ар щIэуэ ягъэуба махуэшхуэуи щымыту жыпIэ хъунущ.

2005 гъэ лъандэрэ щэкIуэгъуэм и 4-р Урысейм кьэрал махуэшхуэ щыхьащ. А махуэм УФ-м и кьалэхэм политикэ парт хэмрэ жылагъуэ зэщIэхъеенныгъэхэмрэ пэкIуэкIэ щрагъэкIуэкI, концертхэр щат, спорт зэхьэзэхуэ зэмыдIэужьныгъуэхэр кьыщызэрагъэпэщ.

ЦЕКЪУ Паст.

●КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м отраслевой системэм и хабзэхэм тету щатыну улахуэхэр

КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьыщащтащ кьэрал Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэмрэ щIэныгъэмрэ тещIыхьауэ нэхъ мащIэ дыдэу иратыну улахуэр зыхуэдизыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр отраслевой хабзэм тету иратынущ 2009 гъэм щIыщIыпIэм и I-м щыщIэдзауэ. Абыхэм я улахуэр елытауэ щытынущ зэфIагъэкI лэжьыгъэхэр зыхуэдизым, кьабгъэдэхуэ кьалэнхэр зыхуэдэм, дэтхэнэ гуп щхьэхуэми лэжьыгъэхэр зэрыщIэзэпагуэшым, лэжьакIуэ кьэс и Iэщ1агъэмрэ щIэныгъэмрэ зыхуэдэм.

Правительствэм и зэIущIэм зыщыкъэпIа документым кьызэрыщIэлъэгъуакIэ, яп1э гупым хиубыдэ лэжьакIуэхэм я улахуэхэр сом 2600 - 2800-рэ хьууэ аращ икIи ар нэхъ мащIэ дыдэу ятын хуейм нэсырыкIыж. Ауэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, ащ ипэкIэ улахуэхэм ахъшэ пыухыкIа зэрыщIагъу коэффициентхэр кьагъэсэбэпынущ, апхуэдэу тыгъэ, саугъэт щхьэхуэхэр халъхьэнущ. А щыкIэм тету, бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ящыщу лэжьыгъуэ зэманыр нэсу кьэзыгъэсэбэпахэм икIи кьабгъэдэхуэ кьалэн псори зыгъэзэщIахэм я улахуэр идкьпIэту нэхъ мащIэ дыдэу ят сом 4330-м и кIэ кьихуэнукъым. Лэжьыгъуэ зэманыр нэгъэсауэ кьэзымыгъэсэбэпхэм я улахуэхэр иратынущ зэрылэжьа сыхьэт бжыгъэм тещIыхьауэ.

ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэм кIэрыхуащ

КъБР-м и Правительствэм игъэуващ 2008 гъэм и III кварталым цIыхур КъБР-м щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр.

КЪБР-м и Правительствэм и зэIущIэм республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыщIжиIамкIэ, цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр ику иту сом 3457-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 3692-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 2727-рэ, сабийхэм папщIэ сом 3313-рэ мэхъу.

ЕтIуанэ кварталым елъытауэ а бжыгъэхэр ику иту процент 0,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Ар къызыхэкIар бжыхьэ лъэхъэнэм хадэхэкIэхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, псом хуэмыдэу нэхъыбэу къагъэсэбэп кIэртIофыр нэхъ пуду зэрыпытари.

Ди гъунэгъу щIыналъэхэм я Iуэхур абы и лъэныкъуэкIэ зытетым КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей щыщIэупщIэм, министрым кьыхигъэщащ ди республикэм уасэхэр щызэтеIыгъэным зэрыщегугъуэм кьыхэкIыу Ипщэ федеральнэ округым и щIыналъэ куэдым елъытауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхур зэрынэхъыфIым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэм гу зылъатэнхэ

2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м сыхьэт 15-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щытепсэльыхьынущ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектым.

А ЗАКОНОПРОЕКТЫМ хуащI дагъуэхэмрэ хэлъхьэжьапхъэу кьалъытэхэмрэ, апхуэдэу утыку псальэмакъым хэтын папщIэ заявкэхэр властым и кьэрал, муниципальнэ органхэм, Iуэхущ1ап1эхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым ягъэхьын хуейщ мы адресымкIэ: 360000, КъБР, Налшык кьалэ, Ленинным и уэрам, унэ №55.

ФыщIэупщIэ хъунущ (8662) 42-60-84, 40-42-19 телефонхэмкIэ.

КъБР-м и Правительствэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Ди лъэныкъуэкIэ радиобзыпхъэм

Псоми ягъэзэжынукъым

АБХЪАЗ. **Республикэм изгъэущI къэрад Iуэхуэхэмкlэ и министр Шамбэ Сергей журналистхэм зэраяхрIамкIэ, щтап1э нахьжа куржыхэм Гал районымрэ Кодор аузымрэ ягъэзэжынымкIэ щIыналъэм и унафэщIхэр япэрыуэркъым.**

«ЩIАПIЭ ихьэжа куржыхэм я унэ ягъэзэжынымкIэ Iуэхущ1ап1э Сыхьэм кьищта кьалэнхэр игъэзэщIащ. Псалъэм папщIэ, Гал районым а лэжьыгъэр кьанэ щымыIэу щызэфIэкIыпхъэ. Кодор аузым зыгъэзэжынуэхэми дапэрыуэркъым, ауэ абы щымыпсэуа унагъуэхэр идгъэтIысхьэнукъым. Мыдрейуэ, нобэ щIыналъэм щыщIыIэ тыкIэмрэ куржы-абхъаз зэхущытыкIэмрэ кьэтIыгъэ щытмэ, республикэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм щтап1э нахьжа куржыхэм ягъэзэжынымрэ ягъэгу гугъу хъунущ», - жиIащ Шамбэ Сергей.

Щ1ымахуэ гъэп1ъыгъуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭДЖЭС. **Черкесск администрацэм и къудамэм и унафэщI Старовойтов Валерий зэрыжиIамкIэ, кьадэм и ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэр щIымахуэ гъэп1ъыгъуэм зэрыхуэхьэзыр процент 95-кIэщ.**

«ЩIЫМАХУЭ гъэп1ъыгъуэм дыхуэхьэзыру илъэсым дытехьэн щхьэкIэ кьытпэщылъа лэжьыгъэм и процент 95-р зэфIэдгъэкIащ, къэнэжаахэр дызыхуэхьэзыр махуэхэм и кIэм нэдгъэсынущ. Мы гъэм нэхъыбэу дызэпэжьар кьат куэду зэтет унэшхуэхэм я унащхьэхэр, псы хуабэ зэрыкIуэ бжьамийхэр зэтхьэжькIынырщ. Псом нэхъыбэрэщи, кьадэм дэт котельнэхэр щIымахуэ гъэп1ъыгъуэм зэрыхуэхьэзырымкIэ паспортхэр иратащ. Иджыпсту хуабэр яIэрыхьащ сабий садхэм, сымаджэщхэм, еджапIэхэм.

Кьат куэду зэтет унэхэр щIымахуэ гъэп1ъыгъуэм хуэдгъэхьэзырын щхьэкIэ сом мелуан 11-м нэблагъэ тедгъэкIуэдащ», - жиIащ Старовойтов Валерий.

ХЪЭЩIЫКЪУЕЙОлег.

Лъэжьыпхъэхэм топсэлъыхь

«Синдикат Интур-хьэщIэным дыгуасэ щекIуэкIащ «Кавказ Ищхьэрэ» Ассоциацэм и Зэхэсыгъэ советым и зэIущI.

АБЫ ХЭТАЩ Ассоциацэм хыхьэ республикэхэм, крайхэм, областхэм курортхэмрэ туризмэмрэ зыщегъэжьыныкIэ я министерствэхэм, департаментхэм, управленэхэм я унафэщIхэр.

Краснодар куейм курортхэмрэ туризмэмрэ зыщегъэжьыныкIэ и департаментым и Iэтащхьэ, зэхэсыгъэуIу гупым и нэхъыжь **Пожидаев Юрий** зэIущIэр кьыхэзыиха нэужь, зэхуэсахэм фIэхъуэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и яп1э кьуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат2р** «Кавказ Ищхьэрэ» Ассоциацэм и Гъэзэщlакlуэ комитетым и унафэщI **Тепляков Александрр**э.

«Урысейм и Ищхъэ щIыналъэм зи турист-рекреацэ юмплексхэм зыщегъэжьыныным теухуа инвестицэ проектхэр зэрагъэзащIэр» докладыр ящIу зэхьыхьэм япэу кьыщыпсэльащ Пожидаев Юрий.

КъБР-м и курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Романовэ Еленэ** и докладым щызэпкьрихащ республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм зэрызэаужьыным и Концепцэр.

Зэхуэсым хэтахэр я Iуэху ептыкIэхэмкIэ зэхъуэжа нэужь, зытепсэльыхьахэм теухуа унафэ кьащтащ, советым и зи чэзу зэIущIэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэр ягъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Адыгэ псальэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп1э илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1ап1э псоми.

Ди индексыр 51531

■ Щапхъэ ■ Гъуэзджэ ■ ТВ, радио нэтынхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Футбол Щбгъ кьыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Ягъэгувнукым икIи ягъэмэщIэнукъым

Пенсэхэм цIыхухэм яIэрыхьэ ягъэущI ахъшэ лIэужьыгъуэхэри и чэзум иратынущ, жиIащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий. Абыхэм дунейр зыхуэха экономикэ кризисым и зэран кьекIынукъым. Хэбгъэзыхьмэ, кьэралым и Iэтащхьэм кьигъэзащ бюджетым ящрисуэхэм пенсэ зратэкIэм яIэрыхьэ ахъшэм хагъэхьэну.

А махуэ дыдэм Ищхьэрэ палатэм кьыщIащ 2009 - 2011 гъэхэм тещIыхьа бюджетыр. ФинансэмкIэ министр Кудрин Алексей сыкьэтитIкIэ депутатхэм я пащхьэм кьыщыпсэльэн, абыхэм я упщIэхэм жэуап яритын хуей хъуащ. Абы жиIащ иджырей бюджетыр цIыхухэм я псэукIэм епха Iуэхуэхэм хэгъэпсауэ зэрыщытыр. «Дэ ди дежкIэ шынагъэжьым щыдгъэ баррелым и уасэр доллар 50-м, уеблэмэ 40-м нэскIэ ехуэхми. Ар ди цIыхухэми ди экономикэми зэран хуэхъунукъым». Апхуэдэу Кудрин кьыхигъэщхьэхуэкIащ бюджетыр хэщIэхэм нэхърэ хэхъуэхэр нэхъыбэу зэрызэхальхьар.

АбыкIэ арэзыкьым ЛДПР-м и фракцэм и унафэщI Жириновский Владимир. ХэщIэхэм нэхърэ хэхъуэхэр нэхъыбэным кьикIыр бюджетым щыщ Iыхьэ къэмыгъэсэбэпауэ кьэнэну арауэ жеIэ депутатым.

Къулыкъум пэрохьэ

Ингушым и Парламентыр арэзы техьэщ республикэм и президенту Евкуров Юнусбек хахьыну.

Ар пщIэшхуэрэ зэфIэкIнирэ зиIэ цIыхуц, Урысейм и Лыхъужьыц, дзэм кьулыкъущхуэ щызыIыгъащ.

Нэхъапэм президенту щыта Зязиков Мурат Москва кьулыкъушхуэ кьышрратащ.

Пощтыр яльэIэсыркъым

Чукоткэм щыпсэухэм пощтыр яльэIэсыркъым, Анадырь кьхъухьльатэхэр гэмэму зэрымыльатэм кьыхэкIыу.

Щхьэусыгъуэгурэгъэсыныпхъэхэ зэрамыIэрщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 1, *щбэт*

◆Алжир Цlыхубэ Демократие Республикэм и Iэпхъ гуфIэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1954).

◆Болгарием щагъэлъапIэ цIыхухэр зэщIэзыгъэуIуэхэм я махуэр. Ягу кьагъэкIыж кьэралым и цIыху цIэрыIуэхэу болгархэм я Iэпхъэ зэхэщIыкIым хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэр.

◆Илъэси 10-и пэкIэ (1998) лэжьэн щIидзащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ европэ судым.

◆ЩэкIуэгъуэм и 1 - 9-хэм Истамбыл щекIуэкIынущ 27-нэ дунейпсо тхыль жармыкIэр.

◆Илъэси 120-рэ и пэкIэ кьалъхуащ урыс географ икIи кьэхутакIуэ **Пржевальский Николай**(1839 - 1888).

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 44-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 58-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъ 13-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 2, *тхьэмахуэ*

◆Илъэс 70 и пэкIэ (1938) СССР-м щыяпэу Совет Союзым и Лыхъужь цIэр фIащащ кхъухьльатэзехуэхуэу Гризодубэ Валентинэ, Осипенкэ Полинэ, Расковэ Мариноэ сымэ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 46-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 56-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъи 10-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 3, *блыщхьэ*

◆ Панамэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1903).

◆ Японием щагъэлъапIэ лъэпкъыпсо гуфIэгъуэр - щэнхабзэм и махуэр.

◆ УФ-р ВТО-м хэгъэхьэным епха Iуэхуэхэм теухуауэ Дунейпсо сату зэгуэхэныгъэм и лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ Женевэ щекIуэкIынущ.

◆Илъэси 5 и пэкIэ дунейм ехыжащ авар усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Дагыстаным и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьигъэм и Лыхъужь, Ленин саугъэтым (1963), СССР-м и Кьэрал саугъэтым (1952) я лауреат **Гамзатов Расул** (1923 - 2003).

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 48-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 53-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъи 5-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 4, *гъубж*

◆ США-м президент хэхыныгъэхэр щокIуэкI. Апхуэдэу конгрессым щIэрыщIэу щыхах лIыкIуэхэмкIэ палатэм хэт щыху 435-рэ сенатым и Iыхьэ щанэмрэ.

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 50-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 52-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъи 2-рэ.

Щэкlуэгъуэм и 5, *бзэджьей*

◆ Дзэ тIасхъэщIхьым и махуэщ (2000)

◆ Илъэси 195-рэ и пэкIэ (1813) Гюлистан кьуажэм щызэращыIа мамыр зэгурыIуэныгъэмкIэ нухащ 1804 - 1813 гъэхэм екIуэкIа урыс-иран зауэр.

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 52-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 51-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 59-рэ.

Щ1ыналъэм и зыгъэхьэзырар ИПА Т Мухьэмэд.

Лъэпкъ Iуущигъэ:
Укъызытеп1эжьынум тет.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхъа упщIэхэм я жэуапхэр

Транспортым и лэжьыгъэр зэблэунукъым

**Дзэлыкъуэ районым и къуажэхэм щыпсэухэм ящыщу мазхуэ къэс Налшык, Бахъсэн къалэхэм кIуэурэ щылажьэхэм зыныфхуагъаз. Ди дзэлыркIыкIэр жьы,дыдэ хьуа, куэдрэ гъуэгум щыкъутэ автобус. Ар къащыгъэмыкIам деж Прогресс, Приречнэ, Къамылыкъуэ къуажащи маршрутым тет зы автобус щыкIым зэщIегъэхьэ. Абы нухэр щIыхь I3-щи, дей льэпкъ иратгъэтIысхьэркъым. Адрейхэм къахуэнэр машинэ телъэ кьалыхьуэныщ. Студентхэр кьыкIэрымыхуи пащIэ сыхьэти 2-3-кIэ нэхъ пасэу упм кьыщIокI. ЗэкъодыкIуэу махуэ зыбжанэкIэ жылагъуэ транспортыр щыгъэмыкIуи кьохъу. Апхуэдэхэм деж щхьэхуэныгъэщIэ автобусыр зэрыкъутар. Дэ мыхъмытIуэ районым и автотранспорт предприятэм дыхъутхъуэсыхащ, ауэ абы къуаншагъэу щыIэр автобусхэм дэсхэм ягрельхьэж, ахэри транспортыр зэрыгэкIэльымыкIуэм кьыхъкIыу гугъу ехъ пэрщи. АвтобусыщIэ гухъуэфхьыу дыщывольэIу.

Жэуап кърет КъБР-м транспортымкIэ, связымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министр **Суни А.А.:**

- Мы маршрутым тетщи «Дзэлыкъуэ АТП» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм щыхъу куэд зэрыхъу и автобус. 1999 гъэм кьыдэкIа ЛАЗ-699 автобусыр зэрылажьэм теухуауэ нобэм кьэс тхъэусыхафэ щыIакъым. АТП-м а автобусыр зэрыхъукIэ зэрегъэпэщыщ «Налшык-Къамылыкъуэ» маршрутым щызекIуэхэр нэхъ мащIэ щыхъу махуэхэм (гъубж, бэрэжьей, махуэку махуэхэм), абыхэм щыгъуэ «Газель» автобус щыкIэхэр кьагъасэбэнри. Автобусыщхьэр щымыIэжьэну махуэхэр, маршрутым «Газель» автобусыр щытрагъэуэнуэр дзпэкIэ зэпымыуэ хэIущIыIу ящIынущ. Мы зэманым «Дзэлыкъуэ АТП» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм зэхьэлъхь 2009-2010 гъэхэм кьрибыдэу автобусхэр кьэгъэщIэрэщIэжьынымэ, лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным теухуа бизнес-планэ. А лъэхъэнэм кьрибыдэу предприятэм щыхуэ куэд зэрыхъэ автобусыщIэ кьыщухуну, ар щымылажьэхэм деж маршрутым «Газель» автобус щыкIуу тIу тригъэувэну и мурадщ.

Унэр зэгъэпэщыжьынымкIэ текIуадэм и проценти 5-р фэтэрхэр зи мылькуу щытхэм зэхалъхьэ

**Профсоюзнэ уэрамым тет унэ №210-р жьы хьуахэм хабжэ. Ар зэгъэпэщыжьынымкIэ сом мелуани 5 хуэхахащ. Иджыблагъэ дыхэхущIэкIри ЖЭУ №2 муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Кутьуэт Хь.Н. кьыджIащ дыгъэзыгъэм и 1-м нэсыху унэм щIэхэм ахъшэ зэхэлъхьэмэ, ди унэр зэрагъэпэщыжьын пащIэ кьыхуагъэтIыпща ахъшэр зэрытрачыжьынур. КьызэрабжамкIэ, зы пэш хьу фэтэрым сом 4589-р, пэшитI хьум - сом 6229-р, пэшищ хьум - сом 8752-р хуэзэу ятын хуейщ. АтIэ ар закъоным кьезэгъэр? Апхуэдэу зэхэтлъхьэ ахъшэр нэхъуэщI щIыпIэ щамыдыкIуэу ди унэр зэгъэпэщыжьынымрахъсIэну пIэр? Мы Iуэхур зэхэхауэ кьыдгурывгъэIуэну дыныволъэIу.

Сэкъал Жгэ Фузел и ихъур.
Налшык къалэ

Жэуап кърет Налшык къалэ орэуэрыу и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Сорокин В.И.:**

- «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатэм реформэ щегъэкIуэныным зыщIэгъэкъуэныкIэ фондым и Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 20 статьям и Iыхьэ 6-м зэритымкIэ, фэтэр куэд хьу унэхэр зэрагъэпэщыжьын папщIэ хуаутIыпщ ахъшэм и проценти 5-м нэхъ мынэхъ мащIэр а унэм хэт фэтэрхэр зи мылькуу щытхэм кьыхалъхьну я кьалэнщ, арыншауэ Фондым кьыхэкIыу ахъшэ кьратыныкъым.

Профсоюзнэ уэрамым тет псэупIэ унэ №210-р хагъэхьащ «2008 гъэм фэтэр куэд хьу унэхэр зэгъэпэщыжьынымкIэ муниципальнэ программэ щхьэхуэм. Мы унэр зэгъэпэщыжьыным пыщIауэ ирагъэкIуэкIыну дзжьыгъэхэм ящыщIу абы и фундаментыр гъэбыдэныр, унэ щIыбыр зехьэныр, унащхьэр зэгъэпэщыжьыныр, унэ кIуэцIым щIэт инженер сетхэр зехьэжьыныр. А псомэ сом мин 5013,45-рэ тохIуадэ. Фундаментыр гъэбыдэным пыщIа дзжьыгъэхэр ёокIуэкI. Унэр зэгъэпэщыжьынымкIэ зыгъэзащIэ ёокIуэкI. Унэр зэгъэпэщыжьынымкIэ ящыщ щIыбым гъэм жэпуэгъуэм и 10-м ирихьэлIэу сом мин 450-рэ кьагъэсэбэнащ.

Кредитыр зыхуэдизыр ельытащ ар зратым и зэфIэкIым

Балигъ дыдэрыхьуэр си щхьэгъусэрм сэри кьэрал предприятэхэм дыщолажьэ. Иджыпсту сэ щколым и щхапIэм сышолажьэ, си щхьэгъусэмрэ ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыдэрыпсэуи кьышелдэж. Бынитl дилэщи, ди пхъур дзкIуащ, ди кьуэмэ кьышащ, иджы абыхэм я щIэблэм дыполъэ. Дэ щIэкIэ кьатыгъ фэтэрым дыщIэу арат. Дыныволъэ дыщыпсэуи уэ къэтщхуэ пащIэ сеуд кьеЕIытхыныкIэ фыкьыддэIэпыкъуну. Дэ банк зыбжанэм декIуэлIащ, ауэ кьэдлэжьыр зэрымащIэм кьыхэкIыу дызыхуэей щIыхуэм хуэдиз кьыдатыфыркъым.

Дидан Людэ ПIатI и пхъур.
Налшык къалэ

Жэуап кърет КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр **Афэшlагъуэ М.Хь.:**

- ПсэупIэ кьыхэзращэхуи ахъшэ зэрыIытIыу зэзымыгъэпэщыфхэм я дежкIэ мы щIэм зэманым хуэгъэщIын е кьащэхуи папщIэ дэIэпыкъуэгъу хьарзынэщ ипотекэ кредитыр. Ауэ абы кьыдэкIуэу кьэгъэльэгъуэн хуейщ псэупIэм уасэмкIэ зэриIэр икIи ар кьэпщэхуи папщIэ хуэфэщэн хэхъуи кьыПIрыхьэу щыгъэ зэрыхуейр.

Ипотекэ кредитыр кьеIыпхэм папщIэ, хабзэу зэрыщытщи, унэм и уасэм щыщу нэхъ мащIэ дыдэу проценти 10-м кьыщыщIэдзауэ процент 20-м нэс занщIэу уэ уи ахъшэу хэпIыхьэн хуейщ. Апхуэдэу щIыхуэр кьэзыщIэм мазэ кьэс иIэ хэхьэр хурикъуу щытыпхьэщ кредитыр пшынывжьынымэ хуэзэу мазэ кьэс хагъэхЬынум, а кредитым пэкIуэу гъэ кьэс Iах страховой взносхэм, кредитыр кьыщыдахкIэ зэрыIыгъыу текIуэдэнум. Мыбдеж кьыщыдахкIэр щIыхуэр кьэзыщIэм кьихьа документхэм япкъ иткIэ кьыIэрыхьэ хэхъуэр зыхуэдизырщ. Нэхъыбэ дыдэу иратыну кредитыр зыхуэдизыр, дэтхэнэ банкми езым игъэувыжа хабзэхэм тету кьабж, щIыхуэ кьэзыщIэм и зэфэкIым е щIыхуэр щIыхуэ кьэзыщIэ щIыхуэ зыбжанэм яIэ хэхъуэр зыхуэдизым тещIыхьауэ. Ику иту кьащIэмэ, щIыхуэ зратым и хэхъуэр абы кьыйх кредитым хуэдэу тIукIэ нэхъыбэу щыIам хуейщ.

Иджыпсту финансхэм я рынокым хабзэ зыбжанэ щызэкIуэ ипотекэ кредитыр зыт банкхэм я лэжькIэм теухуауэ, апхуэдэу ипотекэ кредитым и программэ зэмылIэужьыгъуэхэм ельытауэ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэми езым и Iуэхум нэхъ кьеэзгъыщ кьыхих хьунущ.

Псалъэм папщIэ, кьыхэфх хьунущ КъБР-м и Правительствэм кьызэригъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм ипотекэ корпораци» ОАО-м и программэр. Абы кредитхэр ет федеральнэ мардэхэм тету. Мы программэмкIэ кредит кьеIыфхьи папщIэ фызыхуей Iуэхуэхэм щыгъуазэ зыщцыхуэщIу хьунущ КъБР, Налшык къалэ, Нижнее Арманд и уэрам, 43 адресым.

Абы кьыдэкIуэ КъБР-м щагъэзащIэ 2002 - 2010 гъэхэм ятещIыхьа «ПсэупIэ» федеральнэ программэ» хэхам и «УнэрзащIэхэр псэупIэкIэ кьэгъэгъэпэщыныр» программэм кьуэдзэр. Щы1э хабзэхэм тету зи псэупIэр езыгъэфIэкIуапхьэхэм ящыщу кьалъытэ унэгъащIэхэм мы программэм ипкъ иткIэ субсидиехэр ираут, псэупIэ кьэщхэуныкIэ ипотекэ кредитхэр щыщыIахьим деж зэуэ халъхьэн папщIэ. Зи псэупIэр езыгъэфIэкIуэн хуей унэгъащIэхэр щатх щIыпIэ самоуправленэм и органу ахэр щыпсэу щыпащIэхэм щыIэхэм. Балигъ хъуа икIи унагъуэ зэзыгъэпэща фи фыкьор программэм хагъэхьэн папщIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я учетым увыну чэнджэщ фыдот .

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ГКЗ-м щекIуэкIа зэIущIэм ирагъэблагъат зэман зэмылIэужьыгъуэхэм ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретару щытахэу Бозий Борис, Уэрсей Фаинэ, Сэбаншы Роэ, Зумакулов Борис, Жыджэт Александр, Чеченов Хьэсэн, Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд сымэ, комсомол лэжьыгъэм пэрыта нэгъуэщIхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэпльыж Мурат** . Ар кьеджащ Къбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен кьызэхуэсахэм зэрызахуигъаз хъуэхъум. «Фи зэIущIэмыкъэзэнкIыдцэнкIэщ. Абы дигу кьетъэкIыж ди гъащIэм лъапIэныгъэу хэлър. ВЛКСМ-м и унэтI щIалъэхэмрэ хьыдкжбзэмрэ зэфIэкIрэ щапхъэрэ кьагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу инщ комсомолым щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ гукIи пэскIи етауэ щытыным теухуауэ игъэзэщIа кьалэнхр.

Си гуапэу сохьуэхьу комсомол Iэнатlэм зэIыкIыхьа, ар зыунэтIа псоми», итщ хьуэхъум.

ИужькIэ псалъэ иратащ **Зумакулов Борис** . Абы жиIащ КъБР-м и комсомолым хэтахэм я лIыкIуэхэр иджы дыдэ Москва зэрыщыIар. «Хуабжьу ди гуапэ хъуащ Кремлым и уардэ унэшхуэм СССР-у щытам и щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэу щызэхуэсахэм я пащхьэм Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и хьуэхъум кьызэрыщеджар. Апхуэдэ гулыитэр щыхьэт тохьуэ иджырей льэхъэнэми ВЛКСМ-м езым и зэманым зэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм, абы къэралым и зыужьныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм пщIэшхуэ зэрыхуащIыр», - жиIащ абы.

Зумакулов Борис кьыхилъхьащ мы зэIущIэм кьэмыкIуэфа, комсомол лэжьыгъэхэу щытахэу Кабалоев Биларрэ Дыду Владимиррэ хьуэхъу телеграммэхэр хуагъэхьыну. Арпсоми даIыгъащ.

ЗэIущIэм хьуэхъу телеграммэ куэд кьыщеджащ. Псом хуэмыдэу я гуапэ хьуащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ кьудамэм и 14-нэ съездым хэтхэр кьазэрехъуэхъуар.

Апхуэдэу хуабжьу гукъинэж хьуащ кьызэхуэсахэм я щIыхькIэ ята концертыр. Ар кьызэIуахащ Сабий творчествэмкIэ унэм зыщIызыгъаеэ ныбжьыщIэхэм. Артист цIэрыIуэхэу Хьупсырджэн Альберт, Ташло Алий, Батыр Мухьэмэд, Шэрджэс Iэсият, Дым Эльдар сымэ, «Амикс» гупым ягъэзэщIащ зэман зэмылIэужьыгъэхэм къэралым щыщIэрыIуэу щыта псоми уэрэдхэр.

МАХЬШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Зи мыхьэнэр ин

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIы Iуэху

Республикэм и прокурорым гу лъаригъэтащ Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащхьэм хабзэм емызэгъыу кьыдигъэкIа унафэм.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм деж бизнес мащIэ, курытыр зыхуэмэнмкIэ щыIэ зэкIуэуэ советым и жэрдэмкIэ кьапщытащ щIыху щхьэхуэхэм бгъэIэпхуэу мыхьу мыльку зэрыт щы Iыхьэхэр щаригъкIэ Налшык къалэм и администрацэм щIымкIэ щыIэ хабзэр зэригъэзащIэ щIыпIэм.

Къэпщытэныгъэм кьигъэлъэгъуащ Налшык къалэм щы зэхущытыкIэхэмкIэ и комиссэ кьызэрыгъэзэнщари абы и лэжьыгъэри федерацэ законодательствэм зэремыгъэгъащ. А комиссэм иратащ щIы зэхущытыкIэхэмкIэ щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхущ1апIэм и пщэрылъхьэмрэ и хуитныгъэхэмрэ. ИкIи комиссэр щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхущ1апIэм и пIэ иуващ щыхуэхэм я хуитныгъэхэр кьызэпнуду, Iулъхьэ зыт, кьезыIыхьэм я бжьыгъэм хигъахьэу.

«Налшык къалэм щIы зэхущытыкIэхэм папщIэ комиссэ кьыщызэщIащыным и Iуэхукъ» 2008 гъэм накIыгъэм и 30-м хабзэншагъэкIэ кьыдагъэкIа унафэ №9041-р республикэм и прокурорым и текъуэзныгъэкIэ якьутэжащ. Абы кьаруи иЖкъым 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м щыщIэдзауэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Илъэс 50-р ягъэлъапIэу

1958 гъэм жэпуэгъуэ мазэм Налшык къалэ и мафIэсгъэункIыфI командэм и дежкIэ щекIуэкIащ щытащ мафIэприкладной спортымкIэ япэ республикэ зэхьэзэ хуэхэр. Илъэс 14 дэкIри, 1972 гъэм и жэпуэгъуэм Къбэрдей-Балъкъэрым кьыщызэрагъэпэщащ а спорт лIэужьыгъуэм и федерацэ икIи абы и тхьэмадзу хахауэ щытащ КъБАССР-м и МВД-м мафIэсым ебэныныкIэ и кьудамэм и унафэщI Башкирцев Иван.

Республикэм мафIэсым ебэныныкIэ и Iэнатlэм зэрызэгъэужьым кьыдэкIуэу, мафIэприкладной спортри адэкIэ кIуатэу, щIыху нэхъыбэ кьыхашэу щIадзащ. Ахэр зи Iэщ1агъэм хуэIижь мафIэсгъэункIыфIхэрт. А спортым нэхъри зиубгъуным гъабжьэ хуэхъуащ «Динамо» урысей советым 1984 гъэм Налшык щригъэкIуэкIа зэпеуэр, Урысей Ипщэм и щIыналъэ 12-м я спортсменхэр зыхэтар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм щIыналъэ, урысей-псо зэхьэзэхуэхэм ежьыпIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэу, Краснодар краймрэ Ростов областымрэ я гуп кьыхэха гъэщхэм зэвбыфу щIидзащ. Я1пэу а спорт лIэужьыгъуэмкIэ спортым и мастер хуащ Мисиров Ибрэхьим, Липецк щекIуэкIа зэхьэзэхуэм гъэпощхьэпохэр зиIэ метри 100 гъэгуанэр секунд 16,89-м кьызэринэкIри. Илъэсищ дэкIри спортым и мастер щIэр кьыифIащащ Iэщыжь Анзор, абы кьыкIэлъыкIуэу - Щыпхьынэ Юрэ. Спортым и мастерым и кандидат нормативхэр ягъэзэщIащ щIыху 35-м.

КъБР-м и мафIэс-прикладной спортым зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ нобэ пщIэ зыхуэтщI ветеранхэм: спортым и мастерым и кандидатхэу Асанов Олег, Бырс Жыраслъэн, Делов Юрий, Кьыщтыкъ Арсен, Ныбэжь Клим, Стручаев Геннадий сымэ, нэгъуэщIхэмри.

КъБР-м и мафIэс-прикладной спортыр илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ спортым и мастер Мисиров Ибрэхьим Iуащхьэмахуэ дэкIри абы и щыгум щигъэуващ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ федерацэм и ныпэр.

Иджыблагъэ МафIэсым ебэныныкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм махуэшхуэр щагъэлъапIащ. Ветеранхэм, иджырей спортсменхэм щIыхь тхылъхэр, саугъэт пIащIэхэр иратащ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым ебэныныкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къуэдыр умытыным узыхуишэр

Шофер куэдым къалъытэ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр кьызэрызэпаудам кьыхэкIыу къуэды кьызэрытралъхьам теухуа тхыль зэхалъхьэ автомобиль зрагъэкIуэну хуит зыщI удостоверенэр Iамыхамэ, Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыу. УФ-м и КоАП-м и 32.2 статьям ипкъ иткIэ административнэ кьуэдыр зэрыратлъхьамкIэ унафэм кьару щигъуэта махуэм щыщIэдзауэ жэщмахуэ 30-м кьриубыдэу ар япшынын хуейщ, ар зэратар иратэхнущ протоколымрэ унафэ-квитанцымрэ. Шоферым кьуэдыр ита нэужь, ар зэрипшынамкIэ тхылъыр жэщ-махуэ 30-м кьриубыдэу хуигъэхъын хуейщ а административнэ кьуэдыр кьытеэзылъхьа органым, кьулыкъущIэм е судыщIэм.

Административнэ кьуэдыр зэратам щыхьэт техьуэ тхылъ и чэзум кьыIэрыпмыхьамэ, а унафэр кьэзыштам зыкуэфащэ материалхэр суд пристав гъэзэщIакIуэм хуегъэхъ, а кьуэдым хуэзэ ахъшэр федеральнэ законым ипкъ иткIэ кьыIахын папщIэ. Абы кьыдэкIуэу, кьуэдыр тезыльхъа судыщIэм, органым, кьулыкъущIэм унафэ кьещтэ административнэ кьуэдыр зымышынар УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ административнэ жэуапым иращэлIэным теухуауэ.

УФ-м и Административнэ кьэнашагъэхэмкIэ и кодексым, 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м Къэрал Думэм хэзыщIам, и 20.25 статьям и 1-нэ Iыхьэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, административнэ кьуэдыр и чэзум мытыным кьещIэ ар зэрыхьу ахъшэ бжьыгъэ тIукIэ гъэбэгъуэу уэгъэпшынырэ е жэщ-махуэ 15-кIэ уаубыдынырэ.

БАЛЭ Роберт,
Налшык къалэ щыIэ УВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэ.

● ТхылъыщIэ

Сурэтхэм куэд къаIуатэ

щэджащэхэр, адыгэ лъэпкъым нэхъ кьыхэжаныкIахэр политикэ залымыгъэм ирагъэхьауэ щытащ. Ахэр ди лъэпкъым, щIэблэм щымыгъупщэжым, тхыдэм тришIа сабэм хэмыгъуэщIэжьыпэ папщIэщ мы тхылъыр кьыщIидэкIари.

- ЗэрыжьыпIэмкIэ, тхылъым щызэхуэхьэсыжащ репрессием ихьа адыгэ аристократхэм я сурэтхэр. Паул, ахэр псори кьыпхуэщIуэбыдауэ кьыщIэкIынкъым. Мы тхылъым гупсысэ нэхъыщхьэу хэплъхьам утезгъэпсэлъыкIынут.

- Псом япэрауэ, тхылъыр ящэркъым, зэбгрыкIыжыну арац. Ди жьгъуэ зэрыхьунщи, кьэсщэхуащэрэт жьзыIэ дэтхэнэми зыIэрирГэхьэфынукъым. Библиотекэхэм, архивхэм, Iэжущ1апIэхэм яхудоГъашэ. Абхъашэм едгъэшащ, а республикэм и президенту щыта Ардзинбэ Владиславрэ иджы зи тетыгъуэ Бэгъэпщ Сергейрэ яIэрыдгъэхьащ. Апхуэдэу ди куэщ республикэхэм, Москва, Санкт-Петербург, Германием, США-м, нэгъуэщI къэралыгъуэхэми яхудогъэхь. Абы и щхьэусыгъуэр залымыгъэ зытехьахэм щыщ хамэ щIынадзэхэмри кьыIэрыщIыщIидзарщ, абыхэм кьадэIэпхуэхэр, кьэуэщ кьэхуэхьуахэр, ахэр щIэзэлъхьэжакIэр, я кхъащхъэ зыхьужмахэр зэрыщыIэрщ. Абыхэм я хъыбар дощI. Апхуэдэу Ингушми, Осетие Ипщэми Ищхьэрэми, Дагъыстэнми, кьинэмыщIхэми залымыгъэкIэ ягъэIэпхъуэуэ щыта ди лъэпкъгъуэхэм «текIуэт» зыми кьыжриIакъым, щхьэгъэкIрахрэ, пщIэ кьыхуащIу ильэс, куэдкIэ зыхагъэсащи, абыхэми дазэрыльэIэсыным дыдэхтщ.

Пэжыр жыгIэнщи, репрессием и Iэужьыр нэгъэсауэ тхыжа тхьакъым. Сэ езыр сызыщыщыр а залымыгъэм Хэкум ирихуэ лIакъэущ. Шэщэным сыкъыщыхъуащ икIи дыркъуэшхуэу си гум телъщ ар. Политикэ Iуэхуэр лей зытехьахэм я Къэбэрдей-Балъкъэр ассоциацэм сызэрыхьэри апхуэдэу куэд щIакъым, ауэ мис мы тхылъым кьыщыгъэлъэгъуа нэрыбгэ ягъэкIуэдахэм теухуауэ щыхуэхуэ кьыхуокIуэ. Репрессием щIыху, льэпкъ зэхэгъэжащIакъым, псоми я щхьэм ирикIуащ. Ар адыгэ, урыси, нэмыщи ирехьу.

ЗэрыжьысIащи, дуней псом текъухьауэ кьызэгъэтхьэсыжьауэ ящэрэтхэр. Ахэр кьезыхьэлIэщIыхуэхэм я Iуэху зесхуащ, хамэ унэщIэ кьэзыщта щIыхуухэм я унэцIэр кьызэсхьыжьыжьэкIэ, тхуэ судым сеиуэлIащ, утыку щыхьащ. Сыт щхьэкIэ жьыпIэрэ ущIэупщIэмэ, жэуапри кьыизэрыгуэкIщ - зы зэман щIыхуэбэм зыгуэркIэ кьыхэуща, щIэныгъэхэр зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъа щIыхуэхэр зэшхэзэпIэу зэрагъэкIуэдаж я щхьэусыгъуэр схуэзэмыгъэзахуэу, бзылъху трагъэлъам щхьэкIэ сфIэгуэныхьу, я щIэблэм натIэ якъутэжащ. Ар щIэщIыну сыхуейуэ арац. Мы сурэтхэм ущеплъкIэ, уэ щхьэ папшэ: цIыхухэр дахэщ, уардэщ, адыгэ фащэ екIуэкIэ зэщыхэупыкIащ, я пкъыр зах уэу яIыгщ. Сурэтхэм ущеплъкIэ, уи щхьэ мыгъуагъэ хубохьыж: сыт хуэдэ щыху льэпкъым фIэцIэдахэр, я тепльэ кьуедейр сыт и уасэт?

Псалъэм папщIэ, тхылъым итщ Жэрэщты Эдик и сурэт. Ар Хьэсэут кьуажэ кьыщалъхуат икIи мыззэ-мыгъэу хахауэ щытащ а жьлэм и тхьэмадзу. Куэдым зэращIэщи, Эдик кьызыхэкIа лъэпкъым адыгэ щы лъэпкъ лIэужьыгъуэхэм ящыщ щы кьитIэхъуэу щытащ. ИужькIэ а унэцIэр кьэрэгъэкIуэн кьащтащ, щы лъэпкъ бэлыхьри езыхэм «зытратхэжащ». Псалъэмакъ лейрэ кьаугъэрэ кьэдмыIэту, мы тхылъымкIэ кьэдгъэлъэгъуащ абы и пэжыгъэр. ИкIи ар щыпхьэу кьэхуэмэ и закъуэжьым.

- Мы тхылъымкIэ зэфIэкIа лэжьыгъэр, зэрыжьыгъэ абы щIыпIащэн щхьэусыгъуэ щыIэ?

- Тхылъым и ешIуанэ Iыхьэм сегупсысащ. Абы кьыщыгъэльэгъэну сыхуейт мы тхылъым нэIуасэ дызыхуищI нэрыбгэжьм я щIэблэр, абыхэм натIэ яхуэхъуар. Си гугъэмкIэ, ари гъэщIэгъэун хьун хуейщ. Делъынкъэ.

Шэпар Хьэйишэт лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ. Тхылъым и пэублэ псалъэхэр урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, инджыблэзыбзэкIэ зэрытхам и фыщIэкIэ абы щIэупщIэнэр. ИкIи ар щыпхьэу кьэсхьащ. Псалъэмакъ лейрэ кьаугъэрэ кьэдмыIэту, мы тхылъымкIэ кьэдгъэлъэгъуащ абы и пэжыгъэр. ИкIи ар щыпхьэу кьэсхьащ и закъуэжьым.

- Мы тхылъымкIэ зэфIэкIа лэжьыгъэр, зэрыжьыгъэ абы щIыпIащэн щхьэусыгъуэ щыIэ?

- Тхылъым и ешIуанэ Iыхьэм сегупсысащ. Абы кьыщыгъэльэгъэну сыхуейт мы тхылъым нэIуасэ дызыхуищI нэрыбгэжьм я щIэблэр, абыхэм натIэ яхуэхъуар. Си гугъэмкIэ, ари гъэщIэгъэун хьун хуейщ. Делъынкъэ.

Шэпэр и тхылъыр кьыззэрехьулIам щыхьэт тохьуэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ зэрыкIуэкIуэ Iэужьыгъэ **Опрышкэ Олег** и тхыгъэр.

«Шэпар Хьэйишэт лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Абы зэхуихьэсыжащ сурэтэ 150-рэ икIи абыхэм кьыщыгъэльэгъуа щIыхь-хэм я гъащIэр кьызэрекIуэкIар егугъуу кьитIэщIыжащ. КьИэтэ Iуэхум и инагъым и щIыхьэтщ Шэпарым кьыдэIэпкьуа, а сурэтхэр кьыIэрызгъэхьа щIыхуэхэм я бжьыгъэр - ахэр щIыхуи 100-м щегъу (абыхэм я щIэ, унэцIэхэр тхылъым кьыщыгъэльэгъуащ). Тхылъыр игъэхьэзырын папщIэ, абы зэщIэгъэхащ адыгэхэр щыпсэу кьэрал-лыгъуэхэри», - етх щIэныгъэлIым.

«Шэч кьытесхьэркъым Шэпар Хьэйишэт и лэжьыгъэм адыгэ тхыдэр джыныкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Репрессиер зылъэмыIэса лъэпкъ щагъуэ щIыкъым, абы кьыщIэуэ щIэныщ хэкум исхэри хэхъэхэри», - жиIэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым и тхыдэ кьудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Кьэжэр Валерэ.**

КъАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Иуащхьэмахуэ куей

Паркыр ягъэдахэ

Тырныауэ кьалэм и сабий паркыр кьагъэщIэрэщIэжащ. Абы и лъэс лъагъэхъэм плитку гъэжа метр зэбгъуэзнатIэ 200 щIэуэ иралъхьащ, электроклар зрикIуэ кIапсэу метр 80 ящхьэдиящ, зыхуей уагъэзащ щы зрикIуэ бжьамийуэ метр 60-м щIигъу. ЩIыпIэр зыгъэдахэ пхъэ унэхэр, тетIысхьэпIэхэр щхьэхуэкIэпльыкIэу ялащ, фонтаныр ремонт ящIащ, паркым кьеIуэкI гъущI бжьхьыр щIкIэ яхьуэжащ. ИлъэсищIэм и пэ кьихуэу мыл кьежэхьапIэшхуэ яхуэну я мурадщ.

ШЭРЗДЖ Дисэ.

● Шэрэдж куей

Хъушэхэм къахохъуэж

Шэрэдж районым и мэкъумэш хозяйствэхэмрэ бэджэндыеIулажьэхэмрэ мы гъэм гъэмахуэ хьупIэхэм щыгъанащ Iэщыпхуэу мини 5,4-рэ, мэлу мин 35-м щIигъу, шыу минрэ щитIрэ. Ахэр зэрахьащ Iэщыхьуэу 235-м. Мазибгъум кьрибыдэу хозяйствэ лIужьыкIэу псоми гъэшу тонн мин 18,4-рэ, лыуэ тонн мини 2,8-рэ кьыщалэжьащ. А бжыгъэхэр нэгъабэрэм нэхьрэ нэхьыбэщ.

«АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ зи гугъу тщIы зэманым мэкъумэш банкым кьыIахащ сом мелуан 17,4-м хуэзэ кредиту 78-рэ. Хьушэхэм кьыхагъэхьуэж. Проектыр гъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ куейм и мэкъумэш хозяйствэхэмрэ щхьэзэкIуэрыпхьэхэмрэ кьащэхуащ Iэщыпхуэу 2710-рэ, мэлу 1200-рэ, шыуэ 285-рэ, бжьэ матэу 197-рэ. Ноб5 районым щызэрахуэ Iэщыпхуэм мини 17,1-рэ, мэлу мин 51,7-рэ, шыуэ минрэ щиплIрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ЩОДЖЭН Светланэ:

Узым уэзрыпэлъэщам къуит гухэхъуэр зыпэпщIын щыIэкъым

**Республикэ сабий самаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Ингуш Республикэм щIыхь зиI э и дохутыр Щоджэн Светланэ кьызыхэкIа унагъуэр медицинэм быдзу пыщIат икIи и зэманыр кьэсу и гъащIэр зрипхын Iэщlагъэ кьыхихын хуей щыхъум, куэдрэ гупсысакъым. «СызэрыщIыкIырэ сыщIэхъуэпсырт дохутыр Iэщlагъэм, - жеIэ Щоджэным. - Сызэрыпэжьэну сызэрыхуейри сабий дохутырут. Си адэр хирургт, си анэр педиатрт. Махуэ кьэс абыхъэм щIыхуэхэм зыкьыхуагъаззрт, езыхэми зыгъэпсэху ямышIзу дэтхэнэми зэрыдэIэпыкъуным хущIэкъурт. Абыхъэм щIыхуэхэм ратыж дзэржэгъуэр зи нэгу щIэкI сэ нэгъуэщI Iэщlагъэ ззэгъэгъуэтыну зэи сигу кьэкIакъым. Апхуэдэуи сэ икъукIэ си гуапэ хьуащ си пхъуи си лъагъуэ зэрырикIуэжар - ари сабий дохутырщ».

СВЕТЛАНЭ ердэхьым фIы дыдэу хэзагъэрт. Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-р диплом плъыжькIэ кьнухри, щыпскъи клиникэ сымаджэщ №1-м сабийхэм щеIэзэ и къудамэм илъэс зыбжанэкIэ щыIэжьащ, Республикэ сабий сымаджэщыр кьызэIуаха нэужь, тэмакъ узым (ларингитым) щеIзэз отделенэм и унафэщIу зегъэуащ. Апхуэдэ отделенэ республикэм япэ дыдэу кьыщызэIухаухэу арати, абы и лэжьыгъэ тэмэму зэтеублэнкIэ Щоджэным и пщэ кьыдэхуэт. Светланэ куэдрэ гуапэу игу кьеГъэкIыж зыпэрыуба Iэнатlэр тэмэму ирихьэкIыныжкIэ нэхъапэм зыдэлэжьа дохутырхэр мызэ-мытIэу чэнджэщкIэ кьызэрыдгIэпыкъуар. Псом хуэмыдэу ар яхуэарэзыщ Атэлыкъ ФатIимэрэ Ельчэпар Мухьэмэдрэ. Нэхъ кьэзыгъэгузавэ сымаджэх хьэлъэхэр кьыщыхуащIэкIэ, абы дэIэпыкъуэгъу кьыхухъхурт Якушенкэ Михаил. Светланэ кьыхихэ Iэщlагъэм тригъэгушхуэу лэжьыгъэ и пIалъэкIэ кьыдэгъащIрт а дохутыр гъэзэждзэр. Щоджэн Светланэ яхуэзрэзыщ дохутыр Iэщlагъэм и щхэхэр кьыхухъIуэхьхэ и лэжьэгъу нэхъыжь псомкI.

Сыт хуэдизкIэ фIыуэ емыджамэ, япэ зэманхэм и Iэнатlэщlэм гугъу щехьащ Светланэ.

- Си щIалэгъуэгъи, псори схуэзэфIэкIыну кьысщыхъужри, кьысхуагъэлъэгъуа унафэщI кьулыкъымкIэ арэзы сыхъуат, - жеIэ Светланэ. - Лэжьыгъэр щыхэтеублам дже, дауи, абы пыщIэну кьыхъэринэкIа лэжьыгъэ гъуэгуанэм ириплъэкмэ, игу кьигъэкIыжьин и мащIэкъым Щоджэным. Ар зэIэза дэтхэнэ зы сабийри зыгуэркIэ игу кьинэжащ, абыхъэм пIэтепсэльыхьыжынущ.

Ларингитым щеIзэз отделенэм и унафэщIу ильэсибгъукIэ лэжьащ Светланэ. Лэжьыгъэр зэтриубла нэужь, а сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьэудзэу ягъэуващ. И пщэ зыщIэхуэ кьалэнхэм кьадэкIуэу, ар иджыри сымаджэхэм йоIэзэ. Унафэ щIынымрэ тхьыльмпIэ Iуэхуэхэмрэ зыдебгъэхьэхмэ, лэжьыгъэм ущуожри, чэнджэщкIи Iуэхуэди уи лэжьыгъэм защIэбгъэжьэну-ныр гугъу мэхъу», - жеIэ Светланэ.

Нэхьапэхэм Щоджэныр зытегуэзвыхьыр зы отделенэм и «псэукIэратэмэ», иджы сымаджэщ псом и Iуэху зэрехуэ. Я лэжьыгъэр кьэзыльхьхэ нэкъусэныгъэ нэхъ ину зэкIэ кьалытэр медицинэ Iэмэпсымэхэм кIэльыплъын инженер зэрамыIэрщ. И ужьырей зэманым сымаджэщым IэмэпсымэщIэхэр щIэх щIэхыурэ кьаIэрохьэ, ауэ ахэр тэмэму гъэуэвын, зэтеухуэн хуейщ.

Республикэ сабий сымаджэщым реанимацIэ отделенэзу тIу иIэщ, дэтхэнэми гъэупыпIи 9 щIэупIу. Ауэ зыкуэнькъуэ Iэмэпсымэкэ нэсу кьызэгъэпэщакъым. Светланэ и псальэхэм кьаззрыхэщамкIэ, фIы дыдэт сабийхэм щеIэзэ Iуэхущ1апIэ псори зы щIыпIэм деж щIытэмэ, ахэр дохутырхэм я ирикъу кьызэгъэпэщщу зыштамэ.. И джыпсту, псальэм папщIэ, машинэ зэжьэхэуэм фэбжь хэзыха сабий кьыхуашамэ, нейрохирургыр Республикэ кIыникэ сымаджэщым кьращыху пэпльэн хуей мэхъу. Гъэщlэгъуэнраци, дохутыр Iэщlагъэм республикэм щыхуэгъаджэми, сабий сымаджэщым щылэжьнуэхэр яхуэрикъуркъым. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр кьэзыухахэр, и щIэныгъэм хагъэхъуэну Москва макIуэри, абы кьыщонэж.

- Реанимацэм щIэтхэр яхуэзэфIэкI кьамыгъанэу мэлажьэ, - гукъеуэ зэрэпIэ и псальэхэм кьыхъщу Iэмалыщ1э псори кьэгъэсбэпэу сымаджэхэм деIэзэн. Ауэ, ди жагъуэ зэрэльынщи, апхуэдэу дылэжьэн щхьэкIэ, сыт и лъэныкъуэкIи дыдыхуей дыхуэзэу дыкьызэгъэпэщакъым.

ХУЖЬ Наталье.

● Щапхъэ

● Гъуазджэ

«Щапсыгъыр» къофэ

Налшык къалэ дэт Музыкэ театрым жэпуэгъуэм и 29-м концерт щекIуэкIащ - тендджиз фIыщIэ Iуфэм щыпсэу адыгэхэм я «Щапсыгъ» къэфакIуэ гупыр кьыхтхуебгъат.

КОНЦЕРТЫР кьызэрагъэпэщащ Шыхъуэ Замир зи тхьэмадэ Iуфэм щыпсэу адыгэ зэкъуэшыныгъэмрэ» «ДжэгъуакIуэ» щэнхабзэ Iуэхуцlапlэмрэ.

«Щапсыгъым» кьафэ зэмылIужьыгъуэ куэд игъэззэщIащ. Псалъэм папщIэ, «Абазэ кьафэ», «ЗэхуэкIуэ кIыхь», «ЗыгъэпIэт», «ЖьгъуэлIыгъуэ кьафэ», «Пщащэ кьафэ», «Щапсыгъэм япхъу», «Бгырыс кьафэ». Псом хуэмыдэу Iэгуауэ макъым зыщцIэтар иужьрей кьафитIыр щагъэззэщIарщ. Гъэщlэгъуэнт илъэси 10 - 12 ныбжьым итыж пщащэ щыкIым и щхьэц ухуэнар щIакIуэ хужьым щIэгъэпщкIуарэ кьамэ жанхэр и щIыбагъым кьыдихьу, абыхэм щIым зыхриГьасэу щиублам.

Концерт нэужьым утыкум кьрагъэблагъащ «Щапсыгъ» кьафакIуэ гупым и унафэщI **Хеишхуэ Руслан**, Щапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Чачыку Мэжид**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзэмыхь Къасболэт**, «Дунейпсо адыгэ зэкъуэшыныгъэм» и унафэщI **Шыхъуэ Замир** сымэ.

- ИкъукIэ ди гуапэщ ди къуэш щапсыгъ-адыгэхэр кьызэрытхуеблэгъар, мыпхуэдэ концёрт бэлыхь дызэрырагъэплъар. Пэжыр жысIэнщи, си нэгу зиужьащ икIи сроГуфIэ ди зэкъуэшыгъэр нэхъри быдзэ зэрыхьум, дызэрызэкIэлъыкIуэн. Гупым и унафэщIми кьэфакIуэхэми сынывохъуэхъу фи Iэщlагъэм хэвгъэхъуэну. Щэнхабзэр кьэфIэтыну гукъыдэж ин фызэриIэм папщIи фIыщIэ ин фхуэдущI.. Си гуапэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхыль фэстыну, - жиIащ Дзэмыхьым псальэ щратам.

- Дэри икъукIэ ди гуапэ хьунущ щIэх-щIэхыурэ дызэкIэлъыкIуэмэ, дызэкъуэтмэ, дызэрыщIыгъмэ. ГуфIэгъуэкIэ куэдрэ дызэхьихьэну Тхьэм жиIэ, - кьыхигъэщащ Щапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыку Мэжид.

Абы иужькIэ псалъэ иратащ Шыхъуэ Замир.

- Гъэмахэм тенджвы фIыщIэм дыкIуаусэ, мы къэфакIуэ гупым дыIущIат икIи дыщыгуфIыкIат абыхэм я зэфIэкIым, ныбжьыгъуэр зэригъэгушхуэным, зыгуэрым сэбэп зэрыхуэхъуным дапщэщи пылъат. Зыгуэр гуазэу ирихьэлIамэ, абы зыщIигъакъуэрт.

Абрэ теухуа псалъэ жагъуэ жызыIэфын щыбгъуэтынукъым щалъхуа кьуажэми, ильэситхурэ нныкъуэкIэ щеджа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми. Ешми и ныбжьыгъуэм папщIэ и псэр итынут. Абы зэи игъэгъуащрэгъкъым зэрыадыгэр, абы хуабжьу иригушэрт.

Абрэ зэрысабий льандрэр дихьхьэкIыртэ щыIэ, Iуэрэ икIи абы и жэрдэмкIэ кьуажэм щкIуэкIырт апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр. Уеблэмэ, езым жиIэжу зэрыщытамкIэ, и ныбжьыр илъэситху щIыкъум щегъэжьауэ абы дигъэхуакъым ди «Спартак-Надзык» командэм езым и гуфIэгъэм щригъэжьауэ ёзы джэгуи. Иджы Абрэ и цIэкIэ, кьыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, щалъхуа кьуажэм щрагъэжьэкI топджэгумкIэ зэхьэзэхуэ.

Кьуажэ курыт школыр кьиуха нэужь, Абрэ щIэтIысхьащ КъБКъУ-м социальнэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм. Ди гупIэ губгъуэм кьихьа Барбашинэ Наталье зэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм зэуа топыр тIунейрэ штангэм техуэурэ кьигъэлъеижащ.

Аращи, Шотландиеи и футболистхэм текIуэныгъэр кьахьами, япэ зэIущIэм топ нэхьыбэ зэрыщыдгъэкIам и фIыгъэкIэ ди къэралым и цIыхубз командэ кьыхэхъаращ 2009 гъэм екIуэкIыну чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм хэтыну зи насыпкIыкIар.

Джэгур ияуа иужькIэ командэхэм я тренер нэхъыщхьэхэр журналистхэм яхуэзащ.Я гъэ кьэпсэльащ**Шалимов Игорь.**

- ЗэIущIэ хьэлъэ едгъэкIуэкIащ. Я гъэ Iыхьэм командэхэр зэхуэдэу джэгуауэ кьыщыIыхьащ, - жиIащ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэм. - ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм топитI кьыщыгъэкIа пэтми, тепщэныгъэр дэ тIыгъащ. Кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжар 2009 гъэм екIуэкIыну европэ чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм дыкIэнрати, ар зэдгъэхъуащ. Абы дызэрыхэхуар ди къэралым и цIыхубз футболым и дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэщ, ипэкIэ лъэбакъуэ тчауэ араща. ЗэIущIэм дыкьыщыхагъэщIами, псори зэгъусэу кьапщтэмэ, дыарэзыщ, дынасыпыфIэщ.

- Цыхубз футболым ди къэралым щIэщхуэ щимыIэу жыпIэ хьунущ. Нобэ командэм кьыдэщIа стадиныр дауэ кьыфщыхьуа?

- Командэм кьыдэщIахэми зэIущIэм и кьызэгъэпэщакIуэхэми фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Иужь хуэдэу цIыкIу куэд зэрыса стадион нэхъапэм зэи дыщыджэгуакъым. Нобэ иIа пщIэм хуэдэ цIыхубз футболым кьыхуащIмэ, абыи льагапIэщIэхэр кьищтэфынущ, адэкIэ ефIэкIуэнущ.

- Щотландием щевгъэкIуэкIа зэIущIэмрэ нобэреймрэ дэтхэнэр нэхъ гугъут?

- Нобэрейр нэхъ кьыттехьэльащ, иужьрей дакъикъэхэм топ кьытхудагъэкIынкIэ шынагъуэти.

- Цыхуэхъу командэмрэ цIыхубз командэмрэ уадэлэжьным зэшхьэщыкIыныгъ иIэ?

- ИIэщ. Япэрауэ, цIыхухьухэр нэхъ лъэрызехьэщ, нэхъ бэшэчщ, ткIийуэ уеспалъэхьунущ. ЦIыхубзхэр апхуэдэкъым, абыхэм нэхъ щабэу, Iэдэбу уадэлэжьэн хуейщ.

- Европэм и чемпионатым сыткIэ фIыщыгугъэр?

- Мазаем Кипрым зыщыдгъэсэнущи, абы кьыщыдгъэльагъэу зэфIэкIхэм ельытауэ кьалэн зыхуэдгъэувыжыну аращ.

Адэкъэ журналистхэр епсэльащ Шотландием и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ **Сигнейл Анн э.**

- Командэр гукъыдэжьынэщ, текIуэныгъэ кьэтхьами, - кьригъэжьащ абы. - Мы зэIущIэм и пэщIэдэхэм щегъэжьауэ и кIэм нэс тепщэныгъэр тIыгъащ. Ди гъэм дэдгъэкIыжа топым тIэкIу дызэтрихуащ. Топищ дэдгъэкIын зэрыхуейр кьыдгурыIуэрти, зэкъуэту дыджэгуащ икIи дытекIуащ. Иужьрей дакъикъэхэм ди кьарур нэхъ ужьыхащ, абы и зэранкIэ ди хьэрхуэрэзгъуэм Iэмал зыбжанэ кьахукъуэкIащ топ кьытхудагъэкIыну. Иджыри дакъикыгтху нэхъ мыхъуми диIэжамэ, щэч хэмыльу, Европэм и чемпионатым дыкIуэфынут. Урысейм командэ тьэщIэщ. Пхъэидэ щрагъэкIуэкIым щыгъуэ сэ кьызэуплIат: «Сыт хуэдэ командэхэм уаIущIэмэ нэхъ кьапщтэрэ?» - жаIэри. Сэ жысIащ: «Сыт хуэдэми содэ, Урысейм ейм кьищынэмыщIа». Си жагъуэ хъуащ ди командитIыр зэрызэпэщIагъэувар, тIуми тхуэфащэт чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм дыхэтыну.

- Цыхубз футболым Шотландием сыт хуэдэ увыпIэ щыIыпэ?

- Ди къэралым цIыхубз футболым щIэщхуэ щиIэщ, ауэ Урысейм щиIэм хуэдэ дыдэкъым. Хуэм-хуэмурэ зэрызедгъэуэжьыным иужь дитщ.

- Налшык дауэ кьыфщыхьуа?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэр дахэщ, цIыхухэр гуапэщ, Iэдэбщ. Ди унафэщIхэм ящыщэр мы махуэхэм Iуащхьэмахуэ льапэ дэкIати, хуабжьу дахэу, ягу ирихьауэ жаIэжащ.

ЖЫЛАСЭЗамир.

● Футбол

Шотландиер токIуэ, Урысейр чемпионатым макIуэ

Урысей Федерацэ - Шотландие - 1:2 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 30-м. ЦIыху мин 12 епльащ.

Судьяхэр: ГАЙ, Кельц, Кольча (псори Венгрием щыщщ).

Урысей Федерацэ: Тодуа, Цыбутович, Кожниковэ, Сусловэ, Фомина, Скотниковэ, Сергаевэ, Петровэ, Мокшановэ (Барбашинэ), Куроченкэ (Летушовэ, 88), Шмачковэ.

Шотландие: Фай, Битти, Дики, Керр, Лав, Литл, Синдон, Флитинг, Хамилл, Грант (Росс Натали, 60), Росс Леан.

Тонхэр дагъэкIащ: Дики, 15 (езым и гъуэм) (1:0). Хамилл, 59 (1:1). Хамилл, 83 (1:2).

Дагъуэ хуащIащ Скотниковэм, Дики, Фомина.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыпсэухэм Iэмал ягъуэтащ япэ дыдэу я унэ щIыхубз футбол, ари кьэралхэм я командэ кьыхэхахэм я зэIущIэу, щепIыну. ЗэIущIэр КъэбэрдейБалъкъэрым зэрыщекIуэкIар и фIыщIэщ ди республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен. Абы езым и мылькъум кьыхэкIащ зэIущIэр кьызэгъэпэщынмрэ УФ-м и командэ кьыхэхам хэтхэр «Синдикэ» хьэщIэщым щыпсэунымрэ текIуэдар. КьищынэмыщIауэ, УФ-м и командэ кьыхэхар Мэзкуу ильэтыкIыу Эдинбург, абы кьикIыжу Налшык кьызэрылъэтэжьыну гъэзэгущIэр Кьанокъуэм яхуитащ.

ФутболымкIэ цIыхубзхэм я европэ чемпионату 2009 гъэм екIуэкIынум кIуэнухэр кьыщыхэх зэIущIэм епльыну «Спартак» стадионым цIыхур изу кьекIуэлIат. Яп э зэIущIэу тхьэмахуэ и пэкIэ Эдинбург щекIуэкIам ди цIыхубзхэр 3:2-уз щытекIат. Я унэ щыдджэгуу хагъэщIаэхэр бжыгъэщхуэкIэ текIуэн хуейт чемпионатым кIуэн папщIэ.

Я мурадыр гугъэ хуэдейуэ зэрыщымытыр футболеплъхэм псынщIэ дыдэу наIуэ щащIащ Шотландием кьикIа топджэгухэм. Апхуэдэу зэIущIэр зэрыщIидзэу бжьгъэр кьызэIуихьыну Iэмал хьарзынэ иIащ хьэщIэхэм я гъуащхьауэ Хамилл Паулинэр. Ар лъэщу зэуа топыр зымащIэкIэ Тодуа и гъуэм щхьэпрыльэтащ.

Апхуэдэу жыджэру зэIущIэр хьэщIэхэм кьыщIадзэну зимыгугъа Урысейм и командэ кьыхэхам и футболистхэм я джэгукIэр щIэх дыдэу зэтрагъэувэжьын хуей хьащ икIи щIэх-щIэхыурэ хьэщIэхэм я гъуэм ебгъэрыкIуэу хуежьащ. Абыхэм ящыщу ди хьыджбзхэм угловой кьата иужькIэ кьэлъежиж топыр лъэныкъуэкIэ Iуихуну Дики еуащ, арщхьэкIэ тэмэму текуакъым икIи я гъуэм дигъэкIыжащ - 1:0.

Апхуэдэ щIэщхъуэ Шотландием и командэм и джэгукIэр зэман кIэщIкIэ зэтрихуащ, арщхьэкIэ зыхуагъэувыжа кьалэн нэхъыщхьэр - бжьгъэшхуэкIэ текIуэныр - ягъэззэщIэным ерыщу пащэжащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр нэхъ жыдджэрыжу хьэщIэхэм кьыщIадзэжащ. ЕбгъэрыкIуэурэ гъуэм зыбжанэрэ еуащ Грант, Хамилл, Бити сымэ. Командэхэм зэIущIэр зэрыщIадзэжрэ куэд дэкIатэкъым, хьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр хабзэм кьемыгъэгъыу ди цIыхубзхэм кьыщызэпаудам. Штрафной щеуэну сулъам игъэльэгъуа щIыпIэр гъуэм метр 25-рэ хуэдизкIэ пэжьыжьат. Хамилл кьаруу я иэр зэхилъхьэри топым лъэщу еуащ икIи ди гъуащхьэхъуэмэхэми гъуащхьэтеми яблэлъэтри, топыр гъуэм дыхьащ - 1:1.

Бжьыгъэ зэхуэдэ зэращIыжам ди цIыхубзхэм я лъэр щIихакъым, уеблэмэ нэхъыфIу джэгу хьуа хуэдэт. Ди командэр яп э ирагъэщIыну Iэмал яIащ Петровэ, Куроченкэ, Сергаевэ сымэ, ауэ топым гъуащхьэтетым кьриГъэгъэззрт е зымащIэкIэ гъуэм блэлъэтырт.

Апхуэдэ бжьыгъэкIэ зэIущIэр ихэмэ, я фейдэ зэрыхэмылъыр кьызыгурыIуэ хьэщIэхэри етIысэхьыртэкъым. ЗэIущIэр ихухьым дакъикъэ зыбжанэ кьэнэжауэ арат, Шотландием и командэ кьыхэхам топ щыдигъэкIам. И къэралым и командэр яп э ирагъэщащ бжьыгъэ зэхуэдэ зыщIа Хамилл. Штрафной еуэу кьэлъеижа топым яп э араща нэсар - 1:2.

Ди цIыхубзхэми Iэмал зыбжанэ яIащ топ дагъэкIыну. ЕтIуанэ Iыхьэр щIидзэжа нэужь ди командэм хэту джэгуп Iэ губгъуэм кьихьа Барбашинэ Наталье зэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм зэуа топыр тIунейрэ штангэм техуэурэ кьигъэлъеижащ.

Аращи, Шотландием и футболистхэм текIуэныгъэр кьахьами, яп э зэIущIэм топ нэхъыбэ зэрыщыдгъэкIам и фIыгъэкIэ ди къэралым и цIыхубз командэ кьыхэхаращ 2009 гъэм екIуэкIыну чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм хэтыну зи насыпкIыкIар.

Джэгур ияуа иужькIэ командэхэм я тренер нэхъыщхьэхэр журналистхэм яхуэзащ.Я пэ кьэпсэльащ**Шалимов Игорь.**

- Командэр гукъыдэжьынэщ, текIуэныгъэ кьэтхьами, - кьригъэжьащ абы. - Мы зэIущIэм и пэщIэдэхэм щегъэжьауэ и кIэм нэс тепщэныгъэр тIыгъащ. Ди гъэм дэдгъэкIыжа топым тIэкIу дызэтрихуащ. Топищ дэдгъэкIын зэрыхуейр кьыдгурыIуэрти, зэкъуэту дыджэгуащ икIи дытекIуащ. Иужьрей дакъикъэхэм ди кьарур нэхъ ужьыхащ, абы и зэранкIэ ди хьэрхуэрэзгъуэм Iэмал зыбжанэ кьахукъуэкIащ топ кьытхудагъэкIыну. Иджыри дакъикытху нэхъ мыхъуми диIэжамэ, щэч хэмыльу, Европэм и чемпионатым дыкIуэфынут. Урысейм командэ тьэщIэщ. Пхъэидэ щрагъэкIуэкIым щыгъуэ сэ кьызэуплIат: «Сыт хуэдэ командэхэм уаIущIэмэ нэхъ кьапщтэрэ?» - жаIэри. Сэ жысIащ: «Сыт хуэдэми содэ, Урысейм ейм кьищынэмыщIа». Си жагъуэ хъуащ ди командитIыр зэрызэпэщIагъэувар, тIуми тхуэфащэт чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм дыхэтыну.

- Цыхубз футболым Шотландием сыт хуэдэ увыпIэ щыIыпэ?

- Ди къэралым цIыхубз футболым щIэщхуэ щиIэщ, ауэ Урысейм щиIэм хуэдэ дыдэкъым. Хуэм-хуэмурэ зэрызедгъэуэжьыным иужь дитщ.

- Налшык дауэ кьыфщыхьуа?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэр дахэщ, цIыхухэр гуапэщ, Iэдэбщ. Ди унафэщIхэм ящыщэр мы махуэхэм Iуащхьэмахуэ льапэ дэкIати, хуабжьу дахэу, ягу ирихьауэ жаIэжащ.

ЖЫЛАСЭЗамир.

● Прохладнэ куей

Жэрдэм щхьэпэ

Натуралист ныбжьыщIэхэм я станц Прохладнэ къалэм дэтым и гъэсэнхэм жэпуэгъуэ мазэм ирагъэкIуэкIащ «Си бжьIупэр кьабзэныр псом ящхьэщ» зыфIаща Iуэху.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ кьалэ уэрамхэр, куэбжэпэхэр, кьат куэду зэтет унэхэм я бжьIупэхэр кьызэзхьхьащ, балигъхэри сабийхэри а Iуэхум кьыхашэу. ЖэрдэмщlакIуэхэм я фIыщIэщ щыпIэ куэдыр кьабзэ зэрыхьуар. Зи узынщагъэкIэ, ныбжькIэ мы Iуэхум кьыхэмыльхэфынухэм я пщIантIэмрэ куэбжэпэмрэ щIалэгъуэлэм зэщIакъуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыку Мэжид.



Шыхъуэ Замир къопсалъэ.

КъигъэщIар мащIэми, фIыкIэ дигу къинащ

«Зы и уасэу щэ уэстыи хьэмэрэ щэ и уасэу зы уэстыи?» - жиIэсащ щасрейм. Щэ и уасэу жыхуаIуэ хуэдэт зи гуакIуэ щхьэщIыщу ди ныбжьэгъу щIалэр.

НЫБЖЬэГЪУ, цIыхугъэ зимыIэ щыIэкъым, ауэ ныбжьэгъу льапIэ, укъэзыгъэпэжи уиIэныр фIы дыдэщ. ГупIыкIуэ уи дахьхэбгъэ, уи гум, уи псэм къыдыхьэ апхуэдэ цIыхур пфIэкIуэдыну. ЩIалэ дыдэу машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ ди ныбжьэгъу льапIэ, псоми фIыуэ тлъагъу Таужан Албэч Анатолэ я кьуэр. Бэ дунейм зэрехьжрэ илъэсым щIигъащ, ауэ абы дызэрыщыщIэр махуэ къэс нэхъри зыхэтщIэурэ макIуэ.

Албэч 1984 гъэм Къуб-Тэбэ къуажэм къыщалъхуащ. ХьыдджэзитIым яужьkIэ ягъэуэта щIалэм щыгуфIыкIат Анатолэрэ Тамарэрэ. Ар цIыху зэпIэзэрыту, шыIэхлъу, псэ хьэлэлу, хабзэм тету кьагъэхъуат. Адэ-анэм кьыбгъэдалъхьа хуабагъыр, Iэфlагъыр Бэ зэи щыгъупщрэтэкъым, ахэр зэрымыгъэуэзвэным, я напэр зэрытримыхьным сыт щыгъуи иужь итт. И адэ-анэр зэригъэуфIэным, ныбжьэгъуэр зэригъэгушхуэным, зыгуэрым сэбэп зэрыхуэхъуным дапщэщи пылъат. Зыгуэр гуазэу ирихьэлIамэ, абы зыщIигъакъуэрт.

Албэч теухуа псалъэ жагъуэ жызыIэфын щыбгъуэтынукъым щалъхуа кьуажэми, ильэситхурэ нныкъуэкIэ щеджа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми. Езыми и ныбжьэгъуэм папщIэ и псэр итынут. Абы зэи игъэгъуащрэгъкъым зэрыадыгэр, абы хуабжьу иригушэрт.

Албэч зэрысабий льандрэр дихьхьэкIырт топ джэгуным икIи абы и жэрдэмкIэ кьуажэм щкIуэкIырт апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр. Уеблэмэ, езым жиIэжу зэрыщытамкIэ, и ныбжьыр илъэситху щIыкъум щегъэжьауэ абы дигъэхуакъым ди «Спартак-Надзык» командэм езым и гуфIэгъэм щригъэжьауэ ёзы джэгуи. Иджы Албэч и цIэкIэ, кьыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, щалъхуа кьуажэм щрагъэжьауэ топджэгумкIэ зэхьэзэхуэ.

Кьуажэ курыт школыр кьиуха нэужь, Албэч щIэтIысхьащ КъБКъУ-м социальнэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм. Ди гупIэ губгъуэм кьихьа Барбашинэ Наталье зэIущIэм и иужьрей дакъикъэхэм зэуа топыр тIунейрэ штангэм техуэурэ кьигъэлъеижащ.

Аращи, Шотландием и футболистхэм текIуэныгъэр кьахьами, яп э зэIущIэм топ нэхъыбэ зэрыщыдгъэкIам и фIыгъэкIэ ди къэралым и цIыхубз командэ кьыхэхаращ 2009 гъэм екIуэкIыну чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм хэтыну зи насыпкIыкIар.

Джэгур ияуа иужькIэ командэхэм я тренер нэхъыщхьэхэр журналистхэм яхуэзащ.Я пэ кьэпсэльащ**Шалимов Игорь.**

- Командэр гукъыдэжьынэщ, текIуэныгъэ кьэтхьами, - кьригъэжьащ абы. - Мы зэIущIэм и пэщIэдэхэм щегъэжьауэ и кIэм нэс тепщэныгъэр тIыгъащ. Ди гъэм дэдгъэкIыжа топым тIэкIу дызэтрихуащ. Топищ дэдгъэкIын зэрыхуейр кьыдгурыIуэрти, зэкъуэту дыджэгуащ икIи дытекIуащ. Иужьрей дакъикъэхэм ди кьарур нэхъ ужьыхащ, абы и зэранкIэ ди хьэрхуэрэзгъуэм Iэмал зыбжанэ кьахукъуэкIащ топ кьытхудагъэкIыну. Иджыри дакъикытху нэхъ мыхъуми диIэжамэ, щэч хэмыльу, Европэм и чемпионатым дыкIуэфынут. Урысейм командэ тьэщIэщ. Пхъэидэ щрагъэкIуэкIым щыгъуэ сэ кьызэуплIат: «Сыт хуэдэ командэхэм уаIущIэмэ нэхъ кьапщтэрэ?» - жаIэри. Сэ жысIащ: «Сыт хуэдэми содэ, Урысейм ейм кьищынэмыщIа». Си жагъуэ хъуащ ди командитIыр зэрызэпэщIагъэувар, тIуми тхуэфащэт чемпионатым и кIэух зэIущIэхэм дыхэтыну.

- Цыхубз футболым Шотландием сыт хуэдэ увыпIэ щыIыпэ?

- Ди къэралым цIыхубз футболым щIэщхуэ щиIэщ, ауэ Урысейм щиIэм хуэдэ дыдэкъым. Хуэм-хуэмурэ зэрызедгъэуэжьыным иужь дитщ.

- Налшык дауэ кьыфщыхьуа?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэр дахэщ, цIыхухэр гуапэщ, Iэдэбщ. Ди унафэщIхэм ящыщэр мы махуэхэм Iуащхьэмахуэ льапэ дэкIати, хуабжьу дахэу, ягу ирихьауэ жаIэжащ.

ЖЫЛАСЭЗамир.

● Фэеплъ



Сигнейл Анн э.

Шалимов Игорь.

Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.

Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.

Мы тхыгъэм щIыдгъуну дыхуейт Албэч хуэхэтлъхьа мы уэрри.

Дахащэт, машIэми, уи гъащIэр.
Кьабзагъэм уи гур хуэзыгъат.
Кьыщыхьуэр кIэнщуэ у уи гъащIэр,
Ауэ ажалыр кьыпщIыхьат...

Уи дыхьэшх макьыр, уи псэлъэкIэр
Ныбжьэгъуэм куэдрэ дигу кьокIыж.
Араш дунейм и зэхэлъыкIэр –
Кьыунтар кьэмынIау пIехьж.

Уи хьэлэлагъыр, уи гу щабэр
Дунейм щыпсокIуэ, ди ныбжьэгъу!
Зэманым хэпшэхъуэжьым ахэр,
Дэ тщIынщ ар псоми ди Iэнэгъу.

Зэгуэрым сэ, и гухэтыр кьэсым,
Си кьэушым уэ сыпхуэзэжынщ.
Ауэ ипэГуэкIэ, Тхьэм жиIэм,
Кьуэ зэгуэрым уи цIэр фIэщыжынщ!

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Си хъуреягъкIэ

Гъунэгъу

Мулид кIыпохуэ - аргуэру кIреуд и уэ мыгъуэжьым. Дохутыкъ кIыхъураджэ э. Къэсмэ - зыщIэс унэм щыпсэу, я щIыхьэпIэ дыдэмкIи кIыщIыхьэ, ауэ фэкIэ фIэкIа имыщIыху щIалэт, Егугъуу къоплъ, хущхъуэ кIрехьэлIэ, егъэбэяу и уэзыр. ЖеIэ дяпэкIэ и нэ́э кIыригъэтIыну.

Я щIыхь хуэзгуэпыжащ Мулид: сыт щIауэ бэлыхьищэр ишэчрэ, кIалэр щIыбым нэс дохутыр кIэрыщу! Ищакъым ауэ хуэдэ Iуэхутхьэбзэ эщIигъуэтын гъунэгъу иIэу. КIыкIэщIэсыпэми, Мулид абы пIэщIэт Гъунэгъум гъунэгъу зыкъуащ!

Iуэхутхьэбзэ

Хуабжьу хуэныкъуэмэ, абы IейуэУ хуейуэ ириубыдыIамэ, цIыхур езыр къолъэлунущ. Ауэ хьомылъэIуэрэ мынэгъуэщIу, кIыгуэплъэфу цIыхум Iуэхутхьэбзэ хуэщIэн хуейуэ кIыщIэкIынукъым, мы гъащIэм сэ кIыззэрыщIзгурыIуамкIэ:

япэрауэ, емылъэIу щIыхьэхур адыгъэм эзи игъэдаэркъым. ЕтIуанэрауэ, я Iуэхутхьэбзэ пщIэри кIыщолъэIуам хуэдэу гуапэ, фIыщIэ хъуркъым.

Уэрам теплъэгъуэ

Уэрамыр егъэджакIу эщ, гъэсакIуш икIи т еатрышхуэ эщ, уи трагедиери, уи комедиери зэгъэсэу щекIуэкIыщ. Мыр мыбы щысльагъункъым хьэмэрэ щIэзэхэсхынкъым жьпIэу, зым щхьэкIи шэсыпIэ уихьэ хъунукъым...

Зы пщэджьыжь гуэрым лэжьакIуэ дыздэкIуэм, жьжьапльэу зылI кIыдолъагъу уэрам зекIуапIэ дыдэм зэпрууэ теукъуэдиящу. Асфаль т гъурым нэкIыкIэ хэлуба́т и пыIэ тIэжу ибгъукIэ ауэ кIыщIылт, щхьэрыхуауэ.

- Мдэ фыплъэт, - и Iэпэр абы и дежкIэ ишиящ лIы кIызбгъурытым. - Пщэджьыжь нэмэзым дапщэщи хунэса апхуэдизу щIэбжьхьэуэну!

- Ей, фэ цIыхухъуэри фэ цIыхухьухэр, - и щхьэр игъэкIэрэхIуащ ди гъуэсэ цIыхубзми, - фитхьэлэнумэ, зевгъэгъхьэлэнущ фадэм!

- Ара фи гугъэр, - ауанышIу пIыдыхьэщхьыкIащ нэгъуэщI зыи. - Абы уэрэкъуэдэн, и тIроцэщ, и тIроцэ!

Дынэсмэ - кIапсэ куэдыкIей щызэблэкI мащэм и Iум зыIуигъэзэгъауэ, а лIым зы кIапэ гуэрхэр и Iэ пыдиикIахэмкIэ зэпищIэжьыт, бэлыхьищэр теплъу.

ГъущIэгъуэ энщ, щIыжм дэ тльагъу псор занщIэу мыхъумыщIагъэм хуэтхьыну щхьэ дыхьэзэыр?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● Джэгукiэхэр

Дыгъужьымрэ тхьэкIумэкIыхьхэмрэ

ЩыщIэзгуну щыпIэм зэпэщыту лъэпкъыкъунтIымкIи линэ иратхъэ, метр 15 - 20 я зэхуакуу. А зэхуакур джэгупIэщ. Зы итхъам адэкIэ тхьэкIумэкIыхьхэм я псэупIэщ, адрейкIэ дыгъужьым и хэщIапIэщ.

ТхьэкIумэкIыхь цIыкIу-жрэр джэгупIэм щыпсэ, я щхьэ трагъэуэжу щIадзэ, дыгъужьым и псэупIэм нэс макIуэ, мыпхуэдэу жаIэурэ: «Дыгъужьыжьыр щымыIэху, дыхуеихукIэ дыдэкIэгунщ». Дыгъужьым и псэупIэм нэса нужь, ахэр щIоупщIэ:

- УкъэкIуэну, дыгъужь?

- Сэ иджыри сыкъэтэджакъым, - жеIэ дыгъужьым.

ТхьэкIумэкIыхьхэр зэрыгъэкIийуэ къыIуожьыж. Зэман дагъэкIри: «Ди гъуэгуанэ, ящыжьыжьыр щымыIэху, дыхуеихукIэ дыдджэгунщ», - жаIэурэ дыгъужьым и псэупIэм Iуохьри, щIоупщIэ:

- УкъэкIуэну, дыгъужь?

- Сэ сыкъэтэдж къудейуэ аращ, - жеIэ дыгъужьым. ИтIанэ зихуапэу, зитхьэщIу, шхэуэ жиIэурэ йокIуэкI.

Апхуэдэурэ тхьэкIумэкIыхьхэм я къыкIэпльыкIуэ Iухьэгъэуам: «СынокIуэ фыкъэзубыдынуI» - жеIэри, къыщIопхъуэ.

ТхьэкIумэкIыхьхэр къыIуожьыж, дыгъужьым абыхэм ящыщ зыгъэр кIынубыдмэ, ар дыгъужь мэхъури, мыдрейр тхьэкIумэкIыхьхэм яхохьэ.

Хьэм къыIэщIэкIри, бажэр и гъуэм ипкIэжащ. Хьэр гъуащхьэм къытенащ. И гур кIихьэжа нэужь, бажэм и щхьэр гъуэм кIриГъэжащ:

- Думпыр кIыхсхуэбгъакIуэ пэтащ, хьэжь! Си ужь щхьэ уимыкIра? Сэр фIэкI узыпэлъэщIын бгъэзытIкъэ?

- Усчэтхъэнт, укъыслэрыхьамэ! Ди джэдыр бухащ. Уи нафынти, усIэщIэкIащ. Щхьэ упIащIэрэ: гува-щIэхами, укъыспэщIэхуэнкъэ зэ!

- Абы ущымыгугъ, хьэжь! Уэ пхуэдэкъым сэ къысщIыхьэр! Пэжкъэ, си лъакъуэ цIыкIуэ?

- Пожщ, - жаIащ бажэм и лъакъуэхэм. - Уи ужь хьишэ кIиувами, укъэмыдзыхэ: ди псэ пытмэ, уакъыIэщIэтхынщ. Ноби уакъыIэщIэтхащ.

- Фыпсэуащэрэт фэ! Си нэ цIыкIуитIым сыт къыслъэфIадэр ноби? - еупIащ бажэр и нэхэм.

- Мо хьэжьыр ду лъабжьэм къыщIыщIэпщым къэзылъэгъуар дэракъэ? - жаIащ бажэм и нэхэм. - Дэр мыхъуамэ, ухутыкъуанут.

- Зэхэпха, хьэжь? Си нэ щIыкIуэр жиан дыдэщ, сагъэбзэрыгъынукъым. Сэр нэхъ тхьэкIумафIи бгъэутын! КъеупщIыт си тхьэкIумэм: сытхьэкIумафIэкъэ?

- Бадзэ лъэтамэ, зэхэтхынущ, - жаIащ бажэм и тхьэкIумитIым. - Дэ дыпсэумэ, удгъэбэлэрыгъынкъым.

- Си кIэ бащэжь, уэ сыт къыхуэпщIа ноби? - еупIащ бажэр и кIэм.

- Нобэ сынокъуэншэкIащ, - жиIащ бажэм и кIэм. - Банапщ Iэм дыкъыщыкIуэ-рыжьым, хьэр кIыятщIыхьэ пэтащ, пщIэжрэ?

- Ахьейми сщIэжрэ! - жиIащ бажэм. - Хьэр къысщIохьэ жысIэри, си псэр си лъэдакъэпэм нэсыжат.

- Ар зи лажьэр сэращ, - жиIащ бажэм и кIэм.

- Сыт ущIилажьэр?

- Банэм сиубыдри, хьэр къыплъэщIэзгъэхьэ пэтащ. Уигу къызымыгъабгъэ.

- Ара къызэпщIар?

- Араща, банэм сигъэкIуакъым.

- Джаур напэншэ! - хуиIащ бажэр и кIэм. - Хьэр къысщIыхьатэмэ, сызэпкъридудтэкъэ? Сыптеунахьэу пэтащ, кIэ бащэжь! Сэ уэ пхуэфI сыхъунщ! Уа хьэжь!

- Сыт ар? - и тхьэкIумэр игъэкIащ гъуащхьэм тет хьэжьым.

- Мэ пыч мы си кIэ бащэжьыр. Аращ абы хуэфащэр! Сытеунахьэу пэтащ ноби. Мэ пыч, уи хьэлэщ.

Бажэм и кIэр гъуэм кIриГъэжащ. КIэм епхъуэри, хьэм бажэр гъуэм кIрильэфащ.

- Уи кIэм удзэгъэкIуэнкъэ, бажэжь щыкIу! УкъысIэрыхьа?

Хьэм бажэр зэпкъриудащ.

● ЦIыкIуэм папщIэ

Хэт и лажьэ?

● Псалъэжьхэр

Гум дэбгъахуэр фэм къеIуатэ

⊙Зи пIалъэ умыщIэ шыкIэ утыку уимыхь.
⊙Уи насып зыхэлыр зым хэльми, къыхэкIыщ.
⊙Фы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым.
⊙Гъэгуэм пкIэльей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.
⊙Гум дэбгъахуэр фэм къеIуатэ.

● ПсынщIэрыпсалъэхэр

Зэрыджэ плъыжьыбзэр пызу зэрыджей

✱Жьы хуабжьыр жьыгъжьым жьэхэуэру хуэжьащ, жьгъжьым жьы хуабжьыр хуэмышIэу дкэлащ.
✱МыIэрыс жьы хьдосэ, псыIэрыш пэ кьыдошэ.
✱Жьэумей, жьы джей, жьжьэу аддэ удожей.
✱Къуарг гъырипэ, кьанэж кIакIрей.
✱Зэрыджэ плъыжьыбзэр пызу зэрыджейр джабэ задэм кIрызщ.
✱Дзыгъуэ дыгъуакIуэр кIушэ нагъуэм кьащIэуэтащ.

Зэхэзылъхьар **КIУРАШЫН Алийщ.**
ХьэтIохъуащIыкъуей къуажэ.

Бжьыхьэ паркым

Дунейм и щытыкIэ дахэм уи гум зрегъэгъэпсэху.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Шэджэм куейм хьхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыпсэу Кьардэн Владимир Тамбий и къуэр къащIалъхуа махуэщ, илъэс 50 ирокъури, дохъуэхъу

Зэшыпхъуэм ди дыщ жьантIэм и гупэм и плъыр дэлъху гъэфIэным адыгъэм цIыхухьур лIыпIэ щиувэу кьилъытэ ныбжьым уэзрынэсар нобэ уогъэльапIэри, уи жьэгур уардэ унэу, хьэщIэ етIысэхыпIэрэ уналIэ махуэу, уи щхьэгъэсэр кьыпхьэтэ гъащIэм гу щыпхуэрэ абы и Iэфыгъэ псори зыхэпщIэ у, уи быным я насыпым уригушхуэу куэдрэ дяпэ уитыну Тхьэм жиIэ. Уи махуэшхуэм зи хьэгъ уэлIыгъэр пIэт уи щIалэм уэзрыхуэхъуапсэр кьыльысыну, къэфша нысэр фху эмахуэу, фIым и гъуэ ум фыгъ ту, фызыху ейм фи Iэр лъэIэсу, дэрэжьэгъуэр уи куэду уи гъуэгуанэр кIыхь хьуну! Нобэ хьэхъуэу уи унагъуэм щIэтыгъуэр тхьэмадэ Владимири, гъуэгуанэ эрдытуеиа ныбжьыщIитIми къыфлъысыну Тхьэм жиIэ.

Уи шыпхъ уэмрэ уи малъхьэхэмрэ, абыхэм я бынхэр.

● Къуажэхьэр

Умышхынуи Iэмал зимыIэ

♦Банэ топу зи пэр тIей.
♦ Вы плъыжь здэщысам удэ къыщыкIырыкъым.
♦ Зи пкъыр щIым щIэлъу зи щхьэщыр дунейм тель.
♦Зи закъуэу пхуэмыпх, умышхынуи Iэмал зимыIэ.
♦Дыжьыи щIыIуэ зэрылъэлъ, кьилъэлъахэм дегъэгуфIэ.
♦IэмэсымэщIэу унэ зыщI.

ЖЭУАПХЭР.

Шэмсэдин Мифтэ Iхьмэд Шэрэ Iэмэт Бэкъ.

● Хъыбар гуапэ

Адыгэ пщащэм и ехъулIэныгъэ

Ди хэкуэгъу пщащэ, модельер Тlажь Альбинэ «Корринда» зыфIища щыгъынхэр Урысей модэм и тхьэмахуэм утыку къыщрехь.

АЛЬБИНЭ и япэ егъэджакIуэу къыльытэр сурэт щIыныр фIыуэ езыгъэльэгъуа и адэ Тlажь Борисщ. Бзылъхугъэ щIыкIм и япэ екъуIэныгъэхэр зыIэригъэхьащ дэрбзэр Iэзэ Шортэн Светлане и еджапIэм щеджэу. Абы щыгъэущ ныбжьыщIэ зэчиныфIэм зайпхьев Егор гу къыщыльытар. Альбинэ игъэхьэзыра фэильхьэгъуэ 25-р зыгъэпэсгъэунэри абы и модель агентствэщ.

Модэм и тхьэмахуэм и кьызэгъэпэщкIуэжэм гу зэрыльатащи, адыгэ лъэпкъым кьыхэкIуэ апхуэдэ гупымрэ апэу зыгъуэгар Альбинэщ. Тlажьым и пэжыгъэхэр щагъэльэгъуэну зэлущIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуэхэр епIыфрынущ пщэдей, щэкIуэгъуэм и 2-м, модэ къызэрагъэльагъуэ Дунейпсо каналымкIэ е rtv.ramblerru сайтымкIэ. Ар щыщIидзэнур сыхьэт 17-рщ.

БОГАЧЕВЭ Иринэ.

● Фэ фщIэрэ?

Къэкlыгъэцlэхэр

Джэдхъурсанэ - паслен черный
Жьуджалэ - колючник обыкновенный
Къэрабэ - одуванчик лекарственный
Къэрэгъэш - вяз пробковый
ПкIынэ - бальзамин
Пхъэхуей - береза
ПIырыпI - физалис обыкновенный
Сэрш - ситник
Сэрымэ - мята перечная
Сэтэней - лабазник
Тхуей - граб
Тхьэпшц - клевер
Тхьэрыкъуэф - лопух
ТIуп - аморфа
Уэздыгъей - сосна
Фоуку - василек бледножелтый
фIарий - подорожник
ХьэмкIуIей - боярышник
ХьэрэтIомпI - дурман обыкновенный
Чэщей - самшит вечнозеленый
Шамбыр - бамбук
ШейтIапIакъуэ - первоцвет
Щиху - тополь
Щхьырыб - крыжовник
ЩIэрыкIуэ - топинамбур, земляная груша

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщI иэзщ.

● ЖьIэгъуэхэр

Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым

✱Ущынасыпыф Iэ дакьикъэм дунейр пхурикъуркъым, насыпышагъэ кьыплъысмэ, дунейм утехуэркъым.
✱Зытекlуам и кьарум щIрагъэгъу, кьытекlуам и лъщагъым кIэрагъэху: зэблэдзамэ, пэжщ.
✱Пэжкыр дзыхь зыхуамышIым пцIы хуаупс.
✱Фы кьыпхуэзыщIар пщыгъупщэжмэ, фIы зыхуэпщIари здгъэзэх.
✱ХуэщIэ-хуэщIи зэ хуумышIэжьыфмэ, кьаугъэ ухадзэнщи, утынышьжьищ.
✱ЦIыхум сыт кьысхужиIэн жьпIэмэ, жьпIэну псом ящхьэщ.
✱Дерс кьыхэзыхьи мыхъумэ, кьызыхахьи щхьэжIэ кьанэIаркъым.
✱Хьэл зыхэпхьэ жаIэмэ, зыхэдзынIа хуейуэ аращ.
✱Хьуахъуэрэ ефэжкмэ, удэкIуэтэнщ, ефауэ мыхъуахъуэмэ.
✱Уи щэхур зыгуэрым жепIамэ, адрейхэри кьыумыгъанэ.
✱Iэнэм щысхьу псалъэ зыльамыгъэсым, кьэтэржьжмэ, и жьэр хуит мэхъу.
✱ЩIыр зэрыхъуерйр кьэзыхутам щIэныгъэ иIащ, дунейр щэрхьщи йокIрэхъуэкI жызыIам акьыл иIащ: етIуанэм ящэ Iуэхум гу льитащ.
✱ХабзэфIыр кьегъэжьэгъуейщ, хэгъэкIуэдэжьыгъафIэщ.
✱Iуэхутхьэбзэм залымыгъэкIэ кьигъэуджым адыгагъэ мыгъуэ-махуэми елэжь, ауэ щIыхуэгъэм нэсакьым.
✱Кьалэнри Iуэхутхьэбзэм ещхьу ялэжь.
✱Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым.
✱Делафэ епIлъу узыфIэкIыр богъэнкIэ: укъэувыIэрэ зебгъэщIыхуэжьыфмэ, уи щхьэ епIыгъащ.
✱Факьыпрэм дыгъу хьэщIэ кьыхуэкIуэжькIи.
✱Кьыпщытхъуу ирагъажьэри, кьыпхуэпсальэу доувэж: ягу кьихьэм елыытащ.
✱ ЗызыдебгъэкIунри Iумпэм пщIынри пщIэжьи хуейщ: апхуэдэщ зэманри.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Ди газетым и кьыкIэлыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 6-рщ.

Псалъэзэблэдз

ИгъуреягъкIэ кьыкIухьу: **1.** Ямыупсу щхьэкум кьранэ щхьэпI Iэрамэ. **2.** Iэщэ. **3.** «... нур» - КIыщокъуэ Алим и роман. **4.** Фы дыдэ, дахэ дыдэ. **5.** Джэдкъазыр кьызэрытхуэупсэ ерыскъыпхъэ. **6.** Зыгуэр кIуэцIыплъхьэ хьуну кьыдэхьея бостеинкIэ, кIапхынныкIэ. **7.** ГушыIэ хъыбар куэдым кьыхэщ цIыху, Къэбэрдей-Балъкъэрми курыт Азиеми яIэу. **8.** Шэрэдж районым хиубыдэ кьуажэ. **9.** ЗэрышагъэщIэхэм я пэщ. **10.** Ди лъэпкъым япэу кьыхэкIа щIэныгъэлIхэм кьыщыщ, еджагъэшхуэ щIэрыIуэ. Абы и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым эрэехьэ. **11.** Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. Апхуэдэу йодзэ Псыхуабэ кьаIэм и Iагъуэблагъэм щыIэ Iуащхьэ лъагэми. **12.** УнафэщIым и дэIэпыкъэгъуэ. **13.** Нобэрей махуэм зы ... сIухуакъым. **14.** ЩIалэр ... кIыхь теуваш. **15.** IэщэкIэ щызэпеуэ спорт лIэужьыгъуэ. **16.** Зенитчэ. **17.** Фейцейуэ хуэпа, щыгъынныдж. **18.** Зи ныбжь хэкIуэтахэм я нэхъыбэм зэрахьэ хьэпшып. **19.** Къэбэрдей усакIуэ. **20.** Санэм ещхь пхъэщхьэмыщхьэ фIыцIэ цIыкIу кьызыпыкIэ удэ. **21.** Нэщхъеягъуэ, гуауэ, гуэзвэгъуэ. **22.** «... Африкэм» - Iутlыж Борис и пьесэ. **23.** Фызышэм кьаIэуэвым ират бжъэ. **24.** Егъэлеяу пщтыр, мафIэ кьызыщхьэщхьэ. **25.** Псэущхьэ хьилэшы. **26.** Iэщ ныбапхъэм кIуэцIыпIуу ягъэспорт лIэужьыгъуэ. **27.** Къэбэрдей тхакIуэ. **28.** Зэгъуэнэгъуу зэбгъэдэс унагъуэ гуп. **29.** Дэрбэр хьэпшып, Iэмэпсымэ. **30.** Бзэр сатуущIым и хьэпшып. **31.** «... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ». **32.** Колхоз тхьэмадзуу щыта, Социалист Лжьыгъэм и Лhыхъужь.

Икумкlэ кIуэр: 4. ГъущIхэкIым пыщIа Iэщlагъэ. **6.** Iуврэ лъагэу къэкIа удз. **8.** Гъущ быдэ лIэужьыгъуэ. **14.** «... техьэ тенэркым». **33.** Ар дэм ирагъэщхьэ, анэр нэм хуагъадз. **34.** Къуаэ-чыцэIув. **35.** Совет Союзым и зэманым зы щIакхъуэ кьызыщIэкIыжьу щыта ахъшэ жьгъей. **36.** Бадзэжь. **37.** Нобэ куэдыщэ къэскIухьати, си лъакъуэхэм ... ящащ. **38.** ... лъэсыр лъэщIыхьэнукъым. **39.** ДжэдыщIэ. **40.** ... цIыкIу бжьакъуэщхуэ.

Гу зылытапхъэ: *ихьуреягъкIэ къэзыкIухь псалъэхэр псори «» кIэщIкIэ ещхь. Абы кьыхэкIыу зыр къэфща нужь кьыкIэлъыкIуэ псалъэм и щIэзэгъэр «» кIэщIым ирагъкьит хьэрфырщ. Щапхъэ:* ***нашр-щолъхьэхэ-хьэрахъэ.***

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Жпуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIы: **1.** Теунэ. **3.** Алъ туд. **6.** Абхъаз. **11.** Лагъым. **12.** Гъыбзэ. **13.** Трио. **15.** Бжьэ. **17.** Къумыкъу. **19.** Идар. **20.** Кенжэ. **21.** Мусэ. **26.** Хуэда. **28.** Аркъэ. **29.** Нэмыс. **30.** Елгъэр. **31.** КIуэкIуэ. **34.** Ущие , **36.** Лапэ. **37.** Бешто. **38.** Куба. **43.** Арэф. **45.** Асу. **47.** Лъэпш. **48.** Ахьшэм. **49.** Абаз. **50.** Пъэшэж. **51.** Къущхьэхъу. **52.** Бжьыхьэ.

Къехуы: 1. Театр, **2.** Нало. **4.** Лъэмб. **5.** Уагъэ. **7.** Бзэкъу. **8.** Зенкъуэ. **9.** Бгъэч. **10.** Убых. **14.** Индыл. **16.** ЖьантIэ. **18.** Мусир. **22.** ХуэдкIуэ. **23.** Хьымыщ. **24.** Аргъей. **25.** Мэсей. **27.** «Анэ». **28.** Ару. **32.** КIутIатIэ. **33.** Шушэс. **35.** Щыблэ. **39.** «Насып». **40.** Дашу. **41.** Иуан. **42.** Пщыкъуэ. **44.** Фащэ. **45.** Амыщ. **46.** Удэ. **47.** Лъэужь.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маринэ, Льостэн Муэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ хущIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуащапlэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-87; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIимыкIэ жэуап схь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ЩIихадзэмрэ хъыбарегъащIэ Iнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цIкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Щортэн Инэ *(1,2,3-нэ нат.),* Табшт Динарэ *(3,4, 6-нэ нат.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Замрэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахьуэ Анжелэ, Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.010●Заказ №3590